Kisah terjadinya sungai Cimanuk bertalian erat degan musim kemarau yang amat sangat. Saat itu, air benar-benar tidak ada. Tidak ada sumber air; yang ada pun kering kerontang. Ketiadaan air menyebabkan semua makluk hidup menderita, baik binatang, tumbuhan maupun manusia. Sekedar untuk seteguk air sebagai obat penawar dahaga sangat sulit diperoleh, apalagi untuk keperluan lainnya.



Dok. BPNB-Bandung

Foto 9 : Sungai Cimanuk

Saking sulitnya menemukan sumber air, burung-burung pengisi hutan di wilayah itu, mematuk-matuk tanah dari hulu-air hingga sampai Kampung Cadasngampar. Namun karena di Cadasngampar tanahnya keras (berbatu), patukan burung itu kemudian berhenti ditempat itu. Lama kemudian tanah hasil patukan itu membentuk cekungan kecil dan berubah menjadi parit yang dapat dilompati seekor anjing. Adapun sumber airnya berasal dari mata air Gunung Papandayan. Air dari Gunung Papandayan mengalir melalui tanah patukan tadi (parit kecil).

Dikisahkan seekor elang yang berbadan besar. Ia tidak mau ikut, melibatkan diri bersama burung kecil lainnya saat bekerja membuat parit. Ia hanya berdiam diri, berpangku tangan saja. Ia berbuat demikian karena merasa diri burung paling besar. Merasa diri paling besar membuat semakin jumawa akhirnya menganggap dirinya raja. Raja yang berbuat sewenang-wenang kepada yang lemah dan bertindak kasar kepada yang tidak menurut. Akibat semua itu, burung-

burung dan binatang lainnya banyak yang sakit hati. Mereka bersepakat dan melaknat burung elang.

Pada saat air mengalir binatang-binatang termasuk burung hatinya bergembira, mereka bersorak karena air telah mengalir dan jernih. Binatang-binatang termasuk burung, pohon-pohonan menghijau, burung dan binatang lainnya mandi dan minum di sungai itu. Pada saat musim kemarau air sungai tetap mengalir dan jernih.

Elang, raja lalim, hanya bisa berkoar terbang di atas saja. Namun karena elang sifatnya pemalas yang tidak mau membantu membangun, ia dilarang menggunakan air Cimanuk. Oleh karena itu, hingga sekarang elang tidak mandi, minum di sungai. Bila elang mengambil air di sungai bakal mati. Matinya bisa karena manusia dengan cara diburu atau ditembak.

Mudah-muddahan sasakala ini menjadi nasihat, petunjuk untuk manusia , binatang dan pohon-pohonan agar lebih menghargai dalam menggunakan kekayaan alam yang ada di sekitar kita.

2) Sasakala Halu sareng Lisung

Nanang Sukaesih (27) ti ibuna, Isoh (60) ,
Dusun Cilangkap RT 03/06, Desa Sukajadi,
Kec. Wado Kab. Sumedang
Sunda-Indonesia

Kacarioskeun waktos kapungkur dihiji padukuhan anu masih keneh kawengkon ku Karajaan Parahiyangan, nya eta anu kasebat padukuhan babakan. Rahayat anu aya di eta padukuhan estuning teu kirang sandang teu kirang pangan, subur mamur gemah ripah loh jinawi.

Di eta padukuhan babakan kacarioskeun aya hiji kulawarga nya eta anu kasebut Nini Balangantrang sareng

Aki Balangantrang. Nini sareng Aki Balangantrang estuning saruhud kana padamelan, ilaharna urang kampung arangkat enjing uih sonten.

Di kebon nanem rupi-rupi palawija sapertos jagong, suuk, sampeu, boled sareng anu sanesna, tos teu ngemutkeun kacape, kitu deui padamelan di serang tara kalangkung.

Dina hiji enjing sateuacan angkat ka kebon, Nini Balangantrang nyangu heula; nuju nyangu, Nini Balangantrang bade wawasuh wadah ka jamban teras nyauran ka Aki. " Ki ! Nini bade ka jamban heula, nitip nuju seuseupanan, omat teu kenging mukakeun eta seuseupanan Nini ". Si Aki ngawaler, "Mangga Nini".

Leos Nini ka jamban, Aki mah di bumi ngaa\sur-ngasur seuneu. Salebeting manah Si Aki aya rupi-rupi patarosan ku naon Si Nini omat-omatan teu kenging mukakeun eta seuseupanan ? naha naon anu nuju diseupan teh ?".

Keteyep Aki Balangantrang teh nyaketan hawu, "Ah cobian bae dibuka hoyong terang". Teras Aki mukakeun turub seuseupanan. "Eh geuning ieu anu diseupan teh pare eundanan. Enggal Si Aki nutupkeun deui turub seuseupanan, bilih kabujeng Nini Balangantrang kabujeng sumping.

Teu kantos lami Nini Balangantrang sumping ti jamban, sok nyimpen wadah anu kenging ngawasuhan, teras mukakeun turub seuseupanan, namung Nini Balangantrang kalintang hemengna margi seuseupanan teu asak angger bae.

"Aki dupi ieu seuseupanan ku Aki di buka?" Si Nini naros ka Aki pasemon rada bendu. Aki ngawaler semu isin. "Muhun ku Aki dibuka, margi Nini lami teuing di jamban,

sareng Aki teh panasaran hoyong terang." "Ih ari Aki pan diomat-omatan ku Nini teu kenging dibuka". Si Aki ngawaler semu tungkul,"kaduhung atuh Aki teu tumut amanat Nini".

"Nya ayeuna mah wayahna bae Aki kedah ngadamael halu sareng lisung" kanggo naon ?" saur Aki.

"Kedah ditutu heula ayeuna mah, dibeaskeun heula, hanteu sapertos waktos kapungkur tina pare geugeusan atanapi ranggeuyan diseupan langsung janten sangu, upami ayeuna kedah dibeaskeun heula nembe tiasa disangu. Nini ngajelaskeun ka Aki.

"Aduh Nini hapunten bae Aki teh janten ngarepotkeun Nini", saur Aki Balangantrang dareuda.

"Sanes ngarepotkeun Nini wungkul, oge ka putra sareng putu urang" Nini Balangantrang ngawaler handeueul. Nya mudah-mudahan bae atuh kalepatan aki teh sing aya hikmahna kanggo putra putu urang, sing janten jalmi anu tara ngarumpak aturan sapertos aki"

Dinten eta keneh Aki Balangantrang angkat ka kebon bade ngala kai nya eta kanggo ngadamel halu sareng lisung. Ti waktos harita dugi ka ayeuna, nyangu teh teu tiasa langsung tina pare geugeusan atanapi ranggeuyan, kedah dikokolakeun jenten beas heula nembe tiasa disangu.

Terjemahan : Asal mula Alu dan Lesung

Dahulu kala ada sebuah pedukuhan bernama Babakan. Letaknya diwilayah kerajaan Parahiyangan. Warga pedukuhannya sungguh tak kurang apapun, sandang pangan subur makmur gemah ripah lohjinawi.

Tersebutlah di Pedukuhan Babakan itu sebuah keluarga tanpa anak, yaitu Nini Balangantrang dan Aki Balangantrang. Nini dan Aki

Balangantrang adalah orang yang rajin dan tekun bekerja. Mereka bekerja dari pagi hingga sore sebagaimana umumnya warga pedukuhan. Di kebun ia menanam aneka palawija, seperti: jagung, kacang-kacangan, singkong, ubi jalar dan sebagainya. Mereka pun tak kenal lelah menggarap ladang.

Pada suatu hari sebelum berangkat ke kebun, Nini Balangantrang menanak nasi. Saat menanak nasi itu ia ada keperluan lain di jamban, yakni akan mencuci perabotan rumah tangga. Nini pun memanggil Aki. "Ki ! Nini akan mencuci perabotan. Titip masakan ini. Tapi jangan sekali-kali membuka masakan Nini".

"Iya, Nini", jawab Aki Balangantrang.

Nini pun segera ke jamban. Kini Aki berada di depan perapian, mengatur suluh agar apai tidak padam. Selama ini, hati Aki penuh dengan berbagai pertanyaan dan rasa penasaran. Mengapa dirinya dilarang membuka pasakan Nini ? dan apa pula yang ditanaknya itu ?

Rasa ingin tahu telah mengalahkan larangan Nini Balangantrang. "Ah akan ku coba lihat. Aku ingin tahu" hatinya berguman. Perlahan-lahan, Aki membuka tutup tanakan nasi. "Eh isinya hanya setangkai padi". Aki kaget dan tak mengerti. Segera Aki menutup lagi tempat menanan nasi, takut Nini Balangantrang datang.

Tak lama kemudian Nini Balangantrang datang. Ia menyimpan perabotan di tempatnya dan terus membuka tutup tanakan nasi. Namung ia kaget, dan tak habis pikir tanakan nasinya tidak berubah. Masih setangkai padi.

Akhirnya Nini bertanya dengan nada marah "Aki, apakah tanakan nasi ini dibuka ?"

Aki menjawab dengan rasa malu,"Iya, sebab aki penasaran. Ingin tahu".

"Bukankah sudah nini larang untuk tidak membukanya ?"

"Sungguh sesal, Aki tak patuh pada amanat Nini"

"Kalau begitu aki harus membuat alu dan lesung" kata Nini

"Untuk apa?"

"Sekarang padi harus ditumbuk, dijadikan beras. Tidak seperti tadi, cukup setangkai atau beberapa tangkai langsung dikukus. Kalau sekarang harus dijadikan beras dahulu kemudian menjadi nasi" Nini menjelaskan kepada Aki.

"Aduh maafkan Aki, jadi merepotkan " suara Aki bergetar menahan sesal

"Tidak saja merepotkan Nini saja, tetapi juga merepotkan anak dan cucu kita" jelas Nini yang juga turut menyesali diri.

"Mudah-mudahan saja kesalahan aki ini menjadi pengajaran dan ada hikmahnya untuk anak cucu kita. Semoga tidak menjadi orang yang melanggar aturan".

Hari itujuga Aki Balangantrang berangkat ke kebun mencari kayu untuk membuat lesung dan alunya.

Mulai saat itu hingga sekarang, menanak nasi tidak bisa langsung dari tangkaian atau rangkaian padi. Padi harus diproses terlebih dahulu untuk menjadi sepiring nasi.

E. Kartiwi (72)
Dicarioskeun deui ku Ade Widamulya (20)
Kab. Sumedang
Sunda- Indonesia

3) Sasakala Cau Manggala

Di jaman baheula aya cau anu pangeunah-ngeunahna, nu kasohor raosna, amisna, seungitna, sareng pelemna nya eta cau manggala. Mung hanjakal cau teh teu meunang didahar ku samanea. Mung tiasa dituang ku kangjeng raja. Boroning ku somah, ku cacak

kukuricak teu mev·nang melak komo bari ngadahar. Dipelakna oge mung tiasa di kebon nu kagungan kangjeng raja wae. Saha bae nu ngarempak eta aturan bakal dihukum nu sabeurat-beuratna.

Dina hiji mangsa, di nagri eta teh ka serang ku panyakit. Teu kolot teu budak. Teu awewe teu lalaki ka serang, karasa sore paeh peuting.

Geus ka dukun ka paraji taya nu mempan, ngan kulawargi raja bae nu daramang sareng salamet. Para gegeden laporan yen pangeusi nagri gempar ku panyakit. Raja malik teu suka. Sakur nu laporan diasupkeun ka panjara sabab dianggap penghianat raja.

Raja teu percaya yen rahayatna gempar ku panyakit, teras raja sasauran"Na bet rahayat kaula bae, ku naon kulawarga kaula teu ka serang ?"

Ku kajadian kitu, pangeusi nagri teu betus, kanyeri jeung kapeurih digenggem ku sorangan, saking ku sieun. Nu gering beuki loba nu paeh beuki nambahan.

Dina hiji kaayaan kitu torojol hiji resi ka luar ti patapaan bari nyarios yen piubareunana teh kudu ku cau manggala.

Rahayat atoh teu atoh, yen piubareunana teh nu teu meunang didahar ku samanea. Mun raja terangeun bakal dihukum pati.

Tapi rahayat nekad da hayang cageur. Di ranjah wae eta kebon raja teh bari di dalahar cenah,"Pati-pati paeh ge mending bae ari geus diikhtiaran mah". Pokna teh. Saenggeus ngadalahar cau , ngadak-ngadak calageur tina panyakitna.

Kacida ngambekna eta raja teh. Kebon cauna diranjah nepi ka seep. Raja marentah newak ka nu jadi ulon-ulon.

"Kaula nu tanggung jawab raja, kaula sayaga narima hukuman ti anjeun", sang resi nyerenkeun dirina.

Samemeh tambang ditalikeun resi aya pamenta.

"Sok ngomong" Ceuk raja.

"Samemeh nyawa kaula pegat, kaula rek nyarita ka balarea". Bari ngarawu keusik tuluy diawurkeun ka nu dapuran cau. Resi sasauran deui, "Ti mimiti ayeuna cau manggala dahareun sarerea, lain keur raja wungkul, kajaba mun raja salin rupa jadi cocodot".

Saparantos resi sasauran, raja sakulawargi salin rupa jadi cocodot, sing gelebug lir nu jejeritan. Sang Resi ngiles taya dikieuna, duka kamana ngilesna?

Ti semet harita cau manggala loba ku siki, tapi tetep raos, seueur nu mikaresep ka asup raja cocodot. Nya ageung khasiatna oge kanggo ngubaran panyakit.



Dok. Pribadi

Foto 10 : Pohon Pisang

Terjemahan : Asal-usul Pisang Menggala

Zaman dahulu ada pisang yang paling enak dan terkenal karena manis, harum dan legit adalah Pisang Manggala. Hanya saja setiap orang tidak sembarang dapat memakan pisang tersebut, kecuali baginda raja. Jangankan rakyat jelata memakannya, menanam pun tidak diperkenankan apalagi memakannya. Ditanamnya pun hanya boleh di tempat kepunyaan baginda raja saja. Siapa saja yang melanggar aturan ini bakal dihukum dengan seberat-beratnya.

Suatu saat, negri kerajaan terserang penyakit epidemi. Semua orang tua dan orang muda, baik laki-laki maupun perempuan, tanpa kecuali terkena serangan penyakit. Terjangkit sore hari, malam harinya meninggal.

Dukun tak lagi mempan, kecuali keluarga raja yang semuanya selamat tanpa kurang sedikit pun. Para pejabat laporan bahwa seluruh negri terjangkit penyakit. Namun, raja tak suka. Setiap orang yang melapor, ia masukkan ke penjara. Dianggapnya pelapor itu seorang penghianat raja.

Raja tak percaya bahwa rakyatnya mati karena penyakit. Lantas ia berkata "Mengapa rakyat terjangkit, tetapi keluargaku tidak ?" Atas peristiwa itu seluruh negri diam. Saking takutnya ia simpan dalam hati kepedihan dan kesedihan itu. Akibatnya yang mati makin banyak makin bertambah.

Pada saat kritis itu munculah seorang resi yang ke luar dari pertapaan. Ia mengatakan bahwa obat penyakit itu adalah Pisang Menggala.

Rakyat gembira sekaligus bingbang. Gembira sudah tahu penawar penyakit hanya bingbang karena obatnya tidak sembarang orang memakannya. Apabila raja mengetahuinya mereka bakal dihukum mati.

Akhirnya rakyat berlaku nekad. Keinginan untuk sembuh mengalahkan rasa takut. Kebun pisang raja pun mereka jarah. Mereka

makan sepuasnya, sambil berguman "Biarlah mati pun tak penasaran kalau sudah berupaya berobat". Setelah memakan pisang manggala, tiba-tiba saja penyakitnya hilang. Mereka sembuh.

Sungguh murka baginda raja. Kebun pisangnya telah dijarah hingga ludes. Baginda raja memerintahkan menangkap biang keladinya.

"Aku yang bertanggung jawa baginda raja. Aku bersedia menerima hukumanmu !" saat sang resi menyerahkan diri.

Sebelum tali tambang diikatkan sang resi meminta permintaan terakhir

Kata raja,"Silahkan ngomong"!

"Sebelum nyawa terpisah, aku ingin berkata kepada seluruh rakyat" sambil mengambil pasir kemudian disebarkan ke gundukan pohon pisang. "Mulai saat ini pisang manggala adalah makanan semua orang, bukan untuk raja saja, kecuali raja berganti wujud menjadi binatang *cocodot*".

Setelah berkata demikian, raja beserta keluarganya berubah wujud menjadi cocodot. Mereka berjatuhan dan menjerit-jerit. Sang Resi tiba-tiba saja menghilang entah kemana.

Semenjak itu pisang manggala banyak mengandung biji, namun tetap enak dan diminati setiap orang termasuk raja cocodot. Di samping itu, berfaedah pula untuk mengobati penyakit.

4) Asal Usul Lembur Pamelangan

Kuncen
Desa Pakualam Kecamatan Darmaraja

Jaman kapungkur sok aya istilah mupu (ngala lauk). Kacarioskeun Kangjen Dalem ti Sumedang sok ngersakeun mupu atanapi moro.

Kangjeng Dalem teh ngabujeng ka salah sawios tempat, nya eta anu aya di Desa Kadu. Margi jaman harita mah ka Kangjeng Dalem Sumedang teh anu disebat Kangjeng Prebu, istilahna teh sok disebat saciduh metu saucap nyata. Malihan ngangge jalanna teh ngalangkungan Kacamatan Wado; singgah disalahsawios tempat di Desa Cipeundeuy alam kiwari. Di dinya Kangjeng Dalem Sumedang teh, saur nu ningali, pependak sareng nu tos nyadap kawung. Keleresan nu kapendak ku anjeunna teh lodongna pondok. Ari nu ngawaler mah ka Kangjeng Dalem sabalakana. Atuh Kangjeng Dalem sumanggem sahinasna deuis. Namung ku kagungan pangawasa saciduh metu saucap nyata tea, nya dugikeun ka ahirna, salahsawios nu ditaros tea, kenging disebatkeun karugelan dugi ka anak incu. Anu ditaros harita kaleresan nyandak lodongna teh parondok. Saur Kangjeng Dalem :

"Naha ieu teh salamina ? Naha tos biasa nyadap ngala cai kawung teh lodongna mung sakieu-sakieu?"

Kumargi panginten geumpeur tea ditaros ku Kangjeng Dalem, nya ngawalerna teh mung ukur sumuhun dawuh. Nya, karugelanana teh dugi ka alam kiwari. Cai kawung teh henteu sapertos di daerah sanes, tetep bae mung ku lodong parondok, margi sakedik caina.

Nya, gancang carita, mupuh we di dinya, di salahsawios tempat. Nya kaleresan lauk nu pangseueurna teh di dinya, nya eta lauk melang.

Sabada macangkrama upacara adat di dinya, nya anjeunna nyanggemkeun : "Tah ieu tempat teh urang ngaranan wae Pamelangan, asal kecap melang". Nya, dugi ka alam kiwari eta daerah teh disebut Kampung Pamelangan.

Keterangan:

Dikutip dari lampiran penelitian Taufik Ampera,. Mengenai *Kepemimpinan Leluhur Sumedang Dalam Tradisi Lisan: Deskripsi dan Persepsi.* Fakultas Sastra Universitas Padjadjaran.

Terjemahan : Asal-usul Desa Pamelangan

Jaman dahulu ada istilah *mupu*[6] (mengambil ikan di sungai). Diceritakan Kangjeng Dalem Sumedang menyukai dan sering melakukan *mupu* atau *moro* (berburu).

Kangjeng Dalem menuju suatu tempat yang ada di wilayah Desa Kadu. Pada waktu itu Kangjeng Dalem Sumedang disebut juga Kangjeng Prebu dan terkenal sebagai orang yang *saciduh metu saucap nyata,* yakni segala ucapannya bertuah dan langsung kejadian. Apa yang yang diucapkannya terjadi begitu saja.



Dok. BPNB-Bandung

Foto 11 : Kangjeng Dalem

[6] Di daerah lain dikenal dengan sebutan *marak*

Saat menuju Desa Kadu, beliau menggunakan jalan yang melalui Kecamatan Wado kemudian singgah di salah satu tempatyang sekarang bernama Desa Cipeundeuy. Di tempat itu , menurut saksi mata, bertemu dengan penyadap pohon kawung. Kebetulan sekali *lodong*[7] yang dibawanya berukuran pendek. Sementara itu, penyadap kawung itu orangnya suka berterus terang dan spontan dalam menjawab pertanyaan Kangjeng Dalem. Akibatnya, Kangjeng Dalem pun berucap tanpa berpikir lagi dan seadanya juga. Hal ini sebenarnya sangat merugikan bagi lawan bicara orang yang mempunyai kekuatan *saciduh metu saucap nyata.* Bahkan lebih dari itu, merugikan anak cucu di masa yang akan datang.

Pada saat bertemu, kebetulan penyadap itu membawa lodong pendek.

Kata Kangjeng Dalem," Apakah selamanya menyadap air kawung dengan lodong pendek ini ?"

Barangkali kaget atau terkesemina ditanya Kangjeng Dalem, jawaban penyadap hanya berucap "Iya, Tuan" sambil mangut-mangut. Inilah kerugian besar hingga sekarang. Air kawung yang ada di daerah ini tidak seperti di daerah lain, yakni lodongnya pendek, sebab air kawungnya sedikit.

Singkat cerita, Kangjeng Dalem *mupu* di salah satu tempat didaerah itu. Kebetulan sekali ikan yang diperolehnya adalah ikan melang. Sesudah bersuka ria Kangjeng Dalem berkata "Nah tempat ini kita namai saja Pamelangan, asalkata dari (ikan) melang".

Akhirnya, hingga sekarang daerah tersebut disebut Kampung Pamelangan.

---

[7] Wadah penampung air nira (*kawung*) terbuat dari bambu gombong

5) Tutunggul teu meunang dua

Abah Iri (58)
Dsn Lameta Desa Leuwihideung
Kecamatan Darmaraja Kab. Sumedang
Bahasa Sunda – Indonesia



Dok. BPNB-Bandung

Foto 12 : Tutunggul Makam

Anu tiluan teh baralik deui ka Cipeueut, di dinya anu tiluan teh sapakat nyieun ciri, hiji eta cirina nu tiluan teh nareundeun omong, di Cipaku neundeun karamat, ngan hiji eta cirina, cirina make batu, eta di tempat karamat anu ayeuna.

Anu tiluan teh mere pepeling ka umat lamun nepi ka akhirna umat paeh tingali eta karamat geus jadi ciri jeung umat kudu nurut, tutunggul teu menang dua mun kitu oge asli turunan Cipaku.

Janten dugi ka danget ayeuna warga Darmaraja nanjeurkeun ciri di makam ngan hiji tutunggul tara dua.

Terjemahan : Larangan Nisan dua buah

Larangan membuat nisan makam dua buah bagi keturunan Cipaku berhubungan dengan asal ketiga manusia: Galih, Gusti Rasul dan Adam. Mereka, setelah bepergian ke Mekah, kembali pulang ke Cipeueut. Di tempat itu, ketiga orang ini bersepakat membuat tanda atau ciri berupa ucapan. Di Cipaku mereka menyimpan keramat yang dicirikan dengan sebongkah batu. Demikian tempat itu hingga sekarang. Ketiga orang ini memberi wejangan kepada umat apabila salah seorang meninggal, contohlah makam keramat. Di makam keramat Cipaku nisan makamnya hanya ada sebuah. Jadi, hingga sekarang warga Darmaraja, khususnya keturunan Cipaku, membuat ciri dimakam hanya dengan sebuah nisan saja.

Ki Wangsa, (54)
Desa Cipaku, Kecamatan Darmaraja
Sunda, Indonesia

6) Buhaya Putih jeung keuyeup Bodas

Duka jaman nanahaon walungan Cimanuk dikawasa ku dua mahluk raksasa nyaeta Buahaya Putih jeung keuyeup Bodas cenah jelmaan Jin. Mungkin mahluk raksasa teh muncul bareng jeung ayana walungan Cimanuk. Wadiyabalad mahluk raksasa kacida lobana, hirup di walungan-walungan tapi teu pernah akur. Buhaya Putih watekna sombong, hawek, ku alatan kitu boga tekad rek ngawasa walungan Cimanuk ti hulu nepi ka muara lautan seling di basisir Indramayu. Samalah rek ngabendung walungan Cimanuk supaya kabeh pangeusi walungan taluk ka manehna, kalayan Buahaya Putih rek ngaboyong Putri Laut Utara sarta lalayaran di talaga anyar. Bayawak, kuya, jeung sabangsana lauk geus taraluk ka Buhaya Putih.

Raja keuyeup Bodas reuwas ngadenge beja yen Buhaya Putih rek ngabendung walungan Cimanuk sangkan mahluk cai taraluk ka Buahaya Putih. Ku sabab kitu Raja Keuyeup Bodas cumeluk ka sakumna wadiyabaladna saperti kapiting, keuyeup hideung laleutik kudu nolak kana kahayang Raja Buhaya Putih sabab bakal nimbulkeun karugian mahluk lemah.

Susumbarna Keuyeup Bodas kadengeeun ku Buhaya Putih gasik cemeluk ka sakumna wadiyabaladna taya lian kudu numpurkeun wadiayabalad Keuyeup Bodas jeung sakabeh pangabdina. Tuluy panglima Buhaya Putih mepek wadiyabalad bari ngawak-ngawik, batu, reremetan, tatangkalan, antukna gunung Pareugreug longsor, ruruntuhannana nutupan walungan, sawareh ngadengkek wewengkon sanghyang Tikoro antukna kajadian banjir mokaha.

Raja Keuyeup Bodas mepek wadiyabaladna ka Sanghyang Tikoro, ngaliangan taneuh-taneuh nepi akhirna caina saat, pasawahan nu tadina kaleleb banjir tarembong deui. Buhaya Putih napsu kagila-gila mepek wadiayabalad ngarurug panyumputan Keuyeup Bodas, perang campuh jajadian para pangabdina ting karusek paraeh, tinggal Rajana wungkul. Der tarung patutunggalan tapi taya tanda-tanda nu kasoran nepi ka beak tanagana. Buhaya Putih nyieun reka perdaya ku cara damai, tapi Keuyeup Bodas surti kana kalicikan musuhna, batan damai leuwih hade tarung nepi ka palastrana. Der tarung deui pada-pada pilih tanding sarua pada ngawasa embung eleh, tapi akhirna Keuyeup Bodas ngalumpuruk, kalawan sumpah," Satungtung anjeun boga karep ngabendung walungan Cimanuk kaula tetep rek ngahalangan, lamun bendungan ngawujud ku kaula bakal dijebolkeun. Kalawan mangke wadiabalad kaula bakal ngaraga sukma ka rahayat leutik." Buhaya Putih tambah keuheul. " Satungtung kaula nyawaan tetep bakal ngabendung walungan Cimanuk, lamun kapuput umur kaula bakal ngaraga sukma

ka para pangagung. Hiji waktu munding-munding bule bakal daratang ka Cinambo, maranehna bakal ngabendung wawakil kaula." Ditembalan deui ku Raja Keuyeup,"Asal bisa". Jawabna pondok. Nyel Buhaya Putih napsu, barang rek ditugel janggana Keuyeup Bodas salin jinis jadi cahaya bodas ngabelesur ka jomantara. Buhaya Putih beuki keuheul, gentak ngagibegkeun awakna salin jinis jadi cahaya beureum ngabelesur ka jomantara ngabeberik cahaya bodas.

Terjemahan

Buhaya Putih jeung keuyeup Bodas

Sejak jaman apa, sungai Cimanuk dihuni oleh Buaya Putih dan Keuyeup Bodas mahluk raksasa penjelmaan Jin. Mungkin mahluk raksasa ini muncul pada jaman entah berantah. Kedua mahluk raksasa itu memiliki pengikutnya yang cukup banyak, hidup berada di sungai tetapi tidak pernah akur. Karena Buaya Putih tamak dan ingin menguasai sepanjang dari hulu sungai sampai muara selong pantai utara Indramayu. Wadyabalad Keuyeup Bodas gerah setelah Buaya Putih memproklamirkan diri sebagai penguasa sungai, kemudian berseru kepada seluruh pengikutnya agar membuat danau raksasa dengan membendung sungai Cimanuk. Di danau ini, Buaya Putih akan menghabiskan hari-hari berbulan madu bersama putri dari Ratu Penguasa Pantai utara. Seluruh pengikutnya, dari mulai kura-kura, biawak, komunitas ikan-ikan melaksanakan perintah Sang Penguasa sungai itu. Kecuali komunitas Keuyeup Bodas termasuk kepiting dan mahluk-mahluk kecil lainnya menentang rencana pembuatan bendungan raksasa tersebut. Sehingga menjadi sasaran kemarahan Raja Sungai yang sedang dimabuk asmara.

Buaya Putih berseru kepada seluruh panglimanya, agar membunuh Keuyeup Bodas dan seluruh pengikutnya, dengan mengerahkan ribuan prajuritnya. Namun tak satupun wadyabalad Keuyeup Bodas dapat ditangkap, rupanya sebelum pasukan Buaya

Putih menyerbu mereka sudah lebih dulu bersembunyi di tempat yang aman. Sehingga menganggap pasukan Keuyeup Bodas mengusing ke tempat lain, maka dengan tenang wadyabalad Buaya Putih berbondong-bondong ke daerah Sanghyang Tikoro. Disanalah menyatukan kekuatan, kemudian menghancurkan tebing-tebing sungai kiri dan kanan Sanghiyang Tikoro longsor. Bongkahan batu dan tanah menurup aliran sungai, terjadilan banjir.

Keuyeup Bodas menyerukan kepada ribuan prajuritnya agar menjebolkan penyangga air, karena akan mengancam keselamatan manusia. Seketika airpun surut, membuat Buaya Putih marah. Ia tahu gelagat buruk itu tindakan Keuyeup Bodas, maka menyerukan kepada seluruh pengikutnya agar menyerbu pasukan Keuyeup Bodas. Seruan itu ditentang oleh panglima perangnya, karena membasmi Keuyeup Bodas bukan pekerjaan mudah. Menaklukan mereka harus dengan cara rekaperdaya (reka = akal, perdaya = sempurna). Dengan akal yang sempurna mereka akan bertekuk lutut. Akhirnya Buaya Putih menyerukan damai. Tetapi seruan itu tidak ditanggapi oleh Raja Keuyeup, membuat Buaya Putih marah besar. Akhirnya bertarung Keuyeup Bodas berhasil dirobohkan. Buaya Putih bersumpah," Selama bernyawa tetap akan membendung walungan Cimanuk, seandainya aku mati, rohku akan masuk ke dalam hate para pengagung Negara dan suatu saaat orang-orang bule berdatangan di Cinambo, nmereka adalah wakil-wakilku yang akan membendung walungan". Keuyeiup Boas menimpalinya, " silahkan asalkan bisa". Jawabnya pendek, membuat Buhaya Putih murka. Pada saat hendak membuh tiba-tiba Keuyeup Bodas berganti wujud menjadi gumpalan cahaya putih melesat ke angkasa, membuat Buhaya Putih terkejut, kemudian menggerakan badannya seketika berubah wujud menjadi gumpalkan cahaya merah melesat ke angksa mengejar cahaya putih.

Ete (77)
Mantan Penilik Kebudayaan
Desa Jemah Landeuh, Kec. Darmaraja
Sunda, Indonesia

7) Gunung Surian

Gunung Surian teh aya (di)antawis Gunung Tampomas sareng Gunung Cireme. Sasakalana mah Gunung Tampomas aya dipalih Wetan. Gunung Cireme palih Kulon. Jaman kapungkur aya Aki Jonggrang, eta gunung teh bade ditanggung. Ari anu dianggo alatna teh *areuy raja pene* (kiwari: daun kahitutan). Saparantos didangdanan ternyata si areuy eta talina (areuy) teh pegat wae. Pangna pegat teh beurat sabeulah. Angkeuhan teh antara Gunung Tampomas jeung Gunung Cireme teh ageung Gunung Cireme.

Aki Jongrang teh jonggol ditembongkeun ka Gunung Tampomas, barang kitu eta teh bade ditanggung ku sabab tadi mah pegat wae lesot wae nya diteplokan. Nya kumargi tadi mah ambek da pegat wae lesot wae. Dipuak tah areuy teh. Dibekok. Dugi ka ayeuna sasakalana eta areuy teh bau; jadi daun kahitutan.

Nu ngalingkup antawis (walungan) Cimanuk sareng Cinambo pan Surian teh. Panginten duka sareng bukurna da bau bae. Eta cenah aya walungan nya nu disebut Cinambo tea. Cenah eta Cinambo teh jaga bajak parebut . nya nu nyebut Cinambo teh Cina bodo; aya nu nyebut Cina nu boga. Upama numutkeun galur ka pungkur sepuh Cina nu bakal bogana. Da ka pungkur terang ku anjeun alimeun ngabendung Jatigede teh alimeun. Sasakala Gunung Surian teh tina seuseurian. Pedah dibekok tea ku Aki Jonggrang.

Terjemahan Gunung Surian

Gunung Surian berada diantara Gunung Tampomas dan Gunung Cireme. Ceritanya Gunung Tampomas ada di sebelah Timur.

Gunung Cireme di sebelah Barat. Jaman dahulu ada Aki Jonggrang, bermaksud akan menanggung kedua gunung tersebut. (Ia) menggunakan pekakak snya dari tali *areuy raja pene* (sekarang: daun kahitutan). Setelah diikat sedemikian rupa ternyata *areuy* yang berfungsi sebagai tali itu selalu putus. Sebabnya adalah berat sebelah. Diperkirakan antara Gunung Tampomas dan Gunung Cireme ternyata berat Gunung Cireme.

Aki Jongrang kesal dan mengkal pada Gunung Tampomas. Sebab tali selalu putus saja, ia marah. Areuy itu kemudian dikentuti. Demikian asal-usul areuy raja pene itu bau kentut. Karena baunya itu sekarang dikenal dengan sebutan daun kahitutan.

Yang meliputi antara sungai Cimanuk dan Cinambo adalah Gunung Surian. Barangkali karena kentutnya (Aki Jongrang) bersama kotorannya (tempat itu) selalu bau. Katanya ada sungai yang disebut Cinambo. Katanya pula Cinambo kelak bakal jadi rebutan. Ada juga yang mengartikan Cinambo itu Cina bodo; ada yang menyebut *Cina nu boga*, kepunyaan Cina. Bila berdasarkan cerita orangtua dahulu, Cina yang menjadi bakal pemiliknya. Asal-usul Gunung Surian itu dari kata *seuseurian* Yang berarti tertawa sebab dikentuti Aki Jonggrang.

Ete (77)
Mantan Penilik Kebudayaan
Desa Jemah Landeuh, Kec. Darmaraja
Sunda, Indonesia

8) Cadasngampar

Desa Cadasngampar (baheula), ayeuna mah Desa Sukakersa. Asalna tina cai curug emas. Kaleresan dina curugan teh aya cadas nu ngampar nya disebut we cadasngampar.

Terjemahan

Dahulu Cadasngampar sekarang berganti nama menjadi Desa Sukakersa. Berasal dari air terjun, curug emas. Di bawah air terjun itu terdapat hamparan cadas, maka disebutlah Cadasngampar.

Ete (77)
Mantan Penilik Kebudayaan
Desa Jemah Landeuh, Kec. Darmaraja
Sunda, Indonesia

9) Jatigede

Disebatna Jatigede, di dinya mah teu aya Jatigede. Nu ageungna mah di dieu, di Jemah. Disebatna teh Jatiindung. Aya pan Jatiluhur. Anu luhur pasti gede. Luhur pasti gegeden. Nya di dieu mah aya jati, tapi geus dipotong, pami ngadeg eta jati ngagoler. Jaman revolusi pan ngadeg lila di dieu teh teu katingal ku jeujeut-jeujeut (?) eta jati. Ku sabab seueur pamekaran jati jati. Numutkeun katerangan para sepuh mah sareng anu janten sasakala, seueurna jati mah Sumedang sareng Majalengka. Jati teh kapungkur teh teu aya ti nu sanes teh, sapertos Jatipamor, Jatiwangi, Jatigede ari di urang Jatinunggal, Jatigede, Bantarjati, Cijati.

Terjemahan

(Cerita) disebutnya Jatigede (harfiah: jatibesar), sebenarnya di tempat itu tidak ada Jatigede. Justru jati yang besar itu adanya di Jemah. Disebutnya Jatiindung (biang jati). Di sini, di Jemah, ada jati, tapi sudah dipotong. Saat jaman revolusi banyak pohon jati di sini. Menurut kata orang tua, kebanyakan jati adanya di Sumedang dan Majalengka. Dahulu di tempat lai tidak ada pohon jati, seperti: Jatipamor, Jatiwangi, Jatigede ,Jatinunggal, Jatigede, Bantarjati, Cijati.

Ete (77)
Mantan Penilik Kebudayaan
Desa Jemah Landeuh, Kec. Darmaraja
Sunda, Indonesia

10) Pasircalung

Zaman sepuh kapungkur upami nyarerang teh sok nyaraung-nyaung di serang. (Panginten pami tadi jalan ka dinya mah aya serang. Pudunnana rada awon). Tah panginten ari enjing-enjing teh sok maroyan ka dinya ka tonggoh (panginten anu aya tiang listrik. Boa) nya anjeunna teh ngadamel kasenian. Nya anu tina awi tea. Dingaranan ku anjeunna calung nu dicandak ka pasir teh bari enjing-enjing dina haneut moyan ngupingkeun nu ngaradamel. Kapungkur mah teu aya traktor duka munding ge jarang keneh sok ditabeuh calungna teh nepi ka ayeuna sok disebut pasircalung.

Terjemahan

Dahulu zaman orangtua apabila menanam padi selalu membuat dangau di sawah. (Barangkali tadi bila jalan ke situ ada sawah yang jalan turunannya jelek). Barangkali setiap pagi selalu berjemur di situ di atas, ia membuat alat kesenian dari bamboo yang dinamai calung. Setiap pagi saat berjemur dan melihat orang-orang bekerja ia mendengarkan tabuhan calung. Dahulu belum ada traktor. Kerbau pun masih jarang. Calung selalu ditabuh hingga sekarang disebut Pasircalung.

Ete (77)
Mantan Penilik Kebudayaan
Desa Jemah Landeuh, Kec. Darmaraja

Sunda, Indonesia

11) Jemah

Upami Jemah. Jemah teh asal kapungkurna mah *Jemuh*. Jemuh teh hartosna kumpul, pakumpulan. Nu mawi tah nu karumpul di dinya teh tiasa janten utusan Santadipura kadituna ka Leuwijagat. Kawitna mah tina uih perang Majapait tea. Marapah ti Jawa ka Jawa Barat ngalangkungan Karawang. Seepeun bekel. Baralikna ka dieu. Tah anu seuseueurna parupus diperjalanan teh di dieu, di Jemah. Masih Jemuh harita mah seueur aya Mbah Jayadiwangsa. Mbah Soraya, Mbah Jayadipura, Jagatjaya, mbah-mbah di dieu teh kapungkur nya dongengna Gunung Jagat tea.

Terjemahan Jemah

Cerita Jemah (begini). Jemah dahulunya berasal dari Jemuh. Jemuh artinya kumpul, perkumpulan. Bisa jadi yang berkumpul di situ (di Jemuh) itu barangkali utusan Santadipura hingga Leuwijagat. Bermula dari kepulangan dari peperangan Majapahit. Berjalan dari Jawa Barat (?) melewati Karawang. Mereka kehabisan bekal. Mereka pulangnya ke sini (ke Jemah). Nah yang banyak meninggal dunia dalam perjalanan itu di sini, di Jemah. Saat itu masih Jemuh. Pada saat itu banyak mbah seperti: Mbah Jayadiwangsa. Mbah Soraya, Mbah Jayadipura, Jagatjaya. Dahulu mbah-mbah di sini dongengnya berhubungan dengan Gunung Jagat.

Ete (77)
Mantan Penilik Kebudayaan
Desa Jemah Landeuh, Kec. Darmaraja
Sunda, Indonesia

12) Gunung Jagat

Di dinya di Gunung Jagat tos aya karuhun. Karuhun teh disebut Mbah Sampak atawa buyut Sampak. Sapalih mah sok nyarebut buyut di pamohonan teh, da di dieu mah teu aya buyut ay age mbah. Da upami teu lepat da tos kalebet eta ku pamarentah ke upami genangan tos jalan. Nya kantos ngawitan diangkat ka dinya ka Cisampit, janten guru taun 58. Harita can ngemut-ngemut dikersakeun janten penilik malihan abdi teh muka sakola di dinya. Kaleresan kapungkur mah Cadasngampar teh estuning cadas anu ngampar. Estuning euweuh nu hipuan. Janten Cadasngampar teh rada emut upami pendidikan teh tacan aya. Cadas nu ngampar teh di Curugemas. Ari ka dieu seueur cadas. Lain seueur deui da Cimanuk ge di bendungna ku cadas nu aya di bujur walungan. Panginten ayeuna mah tos lebet pisan, cadasna tos ampir seep.

Nya kantos nyekar ka Buyut Sampak tea. Landeuh eta mah caket lembur Cisampihna teh. Di dinya nu disebut ampihna teh meureun. Ampih hartina ngarereb. Ampihna nu ti darieu teh nya ti dinya ampihna teh tutupna nu maraot diperjalanan. Nu disebat ampihna teh di dinya. Lah kumaha Cisampih teh. Mun ampihna nu di darieu teh di dinya, ampihna teh tutupna anu maraot diperjalanan waktos perang. Ampihna teh di dinya. Ngarerebna teh di lembur Cisampih. Di dinya teh aya Buyut Sampak Landeuh, Buyut Sampak Tengah, Buyut Sampak Tonggoh.

Kadieunakeun astana nu Sampak Landeuh teh nganggo boeh luhureun makamna teh. Tah zaman kencring nu nadir teh sok ka darinya bari nyarimpen artos ka makam eta. Artos kencringan. Emut kencring teh anu 9 rupia – 10 rupia artos di peser dugi ka perak teh tos terang. Da teu acan aya rupiah harita mah. Disebut perak teh artos pangageungna didamelna tina perak.

Saat ngahormat karuhun dina mendak taun Mbah Jagadiwangsa. Baheula teu meunang disekar, kedah di bumi wae. Aya

nu panasaran. Maksa. Balik nyekar teh ngadaharan hayam atah. Sok aya nu mawa nayaga laguna teh "Kembang Gadung", "Tali Asih" "Kembang Beureum".

Terjemahan

Di situ, di Gunung Jagat sudah ada leluhur. Leluhur itu disebut Mbah Sampak atau Buyut Sampak. Sebagian menyebut Buyut di tempat permohonan, sebab di daerah ini tidak ada buyut; ada juga sebutan mbah. Bila tak salah, daerah itu masuk ke areal genangan. Pernah awal diangkat guru tahun 58 ke situ ke Cisampit. Saat itu belum berpikiran menjadi penilik, bahkan baru membuka sekolah. Kebetulan dahulu Cadasngampar sungguh sebuah cadas yang terhampar. Sungguh tidak ada yang lembek. Jadi, pada saat itu di Cadasngampar sekolah belum ada. Cadas yang terhampar itu berada di Curugemas. Sekarang ke sini banyak cadas. Bukan lagi banyak, bahkan Cimanuk pun dibendungnya menggunakan cadas yang ada di hilir sungai. Barangkali sekarang sudah dalam sekali digalinya cadasnya pun sudah hampir habis.

Pernah ngembang, ziarah ke Buyut Sampak Landeuh yang tempatnya dekat Desa Cisampih. Barangkali di desa itu terjadi yang disebut *ampih*. Ambih artinya istirahat, tidur atau mati. Bila perjalanannya waktu perang dari sini, maka ampihnya di situ. Istirahatnya di situ. Istirahat di Desa Cisampih. Di situ (di Cisampih) terdapat Buyut Sampak Landeuh, Buyut Sampak Tengah, Buyut Sampak Tonggoh.

Dewasa ini, nisan makam Sampak Landeuh dibungkus kain kafan. Nah zaman kencring (uang logam) para peziarah suka menyimpan uang di atas makam. Uang kencring (logam). Masih ingat uang nominalnya ada yang 9 -10 rupia dari peser hingga perak. Saat itu belum ada rupiah. Disebut perak sebab uang paling besar nilainya dibuatnya dari perak.

Saat ziarah ke luluhur adalah *mendak taun,* "ulang tahun" Mbah Jagadiwangsa. Dahulu terlarang diziarahi, cukup di rumah saja. ada juga yang penasaran. Memaksakan diri. Hasilnya adalah sekembalinya ngembang ia memakan makanan daging ayam mentah. Ada juga yang sengaja menghadirkan nayaga untuk menyajikan lagu "Kembang Gadung", "Tali Asih" "Kembang Beureum".

R.Moh.Achmad Wiriatmadja (73)
Jl. Pangeran Kornel 229 Sumedang
Sunda, Indonesia, Belanda

13) [8]Gunung Lingga

Makam panglinggihanana Prabu Tadjimalela, ramana Prabu Lembu Agung, Prabu Gadjah Agung sareng Sunan Geusan Ulun. Nya anjeunna anu ngawitan ngadamel Nagara Sumedang Larang. (Makam Prabu Tadjimalela, ayahnya Prabu Lembu Agung, Prabu Gadjah Agung dan Sunan Geusan Ulun. Beliau yang pertama kali medirikan negara Sumedang Larang).

14) Gunung Simpay

Nami tempat tilas halwat/nyepen Prabu Tadjimalela waktos ngababar elmu; ku tariking pangaruh tina elmu batin anjeunna sahingga eta gunung bejad ti dinya ku Prabu Tadjimalela eta gunung di simpay (di hijikeun deui saasal na) ku elmu batin anjeunna. Tug dugi ka kiwari eta gunung katelah Gunung Simpay. (Nama tempat bertapakur Prabu Tadjimalela saat menjajal ilmu; oleh karena pengaruh ilmu batin yang dikuasainya menyebabkan gunung hancur. Prabu Tadjimalela kemudian menyambungkan lagi (Sunda: *disimpay*)

[8] Data no. 13 s.d 24 merupakan tulisan R.Moh.Achmad Wiriatmadja yang kemudian dicetak dalam bentuk stensilan oleh Lembaga Kebudayaan Universitas Padjadjaran tahun 1980

melalui ilmu batinnya. H:ngga sekarang gunung itu terkenal Gunung Simpay)

15) Gunung Cikalingsem :

Tempat tilas jogol/tarungna Prabu Lembu Agung sareng Raden Sumbat Gandaria Lembu Andaka hasil ciciptan rama anu dirupikeun jalmi , jalaran anjeunna teu satuju kana kalakuan anu janten putrana, takabur sareng suaban ngaraos ageung elmu paling sakti lewih ti batur. Kukituna sahingga Prabu Lembu Agung kawon jajatenna ku Raden Sumbat Gandaria Lembu Andaka, dugi ka anjeunna ngaraoskeun lingsem, tug dugi ka kiwari eta gunung katelah Gunung Cikalingsem.

(Tempat pertarungan Prabu Lembu Agung dengan Raden Sumbat Gandaria Lembu Andaka yang merupakan hasil rekaan cipta ayahnya yang berupa manusia. Hal itu disebabkan ayahnya tidak menyetujui perilaku putranya yang tekabur dan jumawa merasa diri paling sakti. Oleh karena itu, Prabu Lembu Agung dikalahkan Raden Sumbat Gandaria Lembu Andaka sampai dirinya malu (Sunda: lingsem). Dewasa ini gunung itu dikenal sebagai Gunung Cikalingsem).

16) Gunung Pamalayan

Saparantos kawon perangna sareng Raden Sumbat Gandaria Lembu Andaka, Prabu Lembu Agung aya manah palay milari elmu anu ical sangkan tiasa ngelehken musuhna, di lantarankeun eta elmu anu aya dina manahna parantos di candak ku ramana nyaeta Prabu Tadjimalela. Nya dugi ka ayeuna eta gunung disebut Gunung Pamalayan. (Setelah dikalahkan Raden Sumbat Gandaria Lembu Andaka, Prabu Lembu Agung berniat ingin mencari ilmu yang hilang dari dirinya agar bisa mengalahkan musuhnya. Sebab ilmu yang telah dikuasainya telah diambil oleh ayahandanya, yaitu Prabu Tajimalela. Sampai sekarang gunung itu disebut Gunung Pamalayan)

17) Gunung Sangkan Jaya :

Prabu Lembu Agung saparantos kawon perangna ku Raden Sumbat Gandaria Lembu Andaka, anjeunna ngamanah sangkan jaya timbul kakuatan tiasa ngawonkeun musuhna. Tug dugi ka kiwari eta gunung di sebut Gunung Sangkan Jaya, anu pihartoseunnana Nur-Caang, Malela-solempang kompang koneng anu ragrag ti awang-awang nutug meneran Gunung Rengganis palebah kabuyutan Embah Jaya Perkosa. (Prabu Lembu Agung pasca kalah perang oleh Raden Sumbat Gandaria Lembu Andaka, dirinya berkata dalam hati agar jaya timbul kekuatan bisa mengalahkan musuhnya. Hingga sekarang gunung itu dinamai Gunung Sangkan Jaya yang berarti Nur-terang, *malela* berarti selendang kuning yang jatuh dari angkasa menyorot Gunung Rengganis yang terletak di kabuyutan Embah Jaya Perkosa.)

18) Gunung Putri

Hiji tempat tilas Prabu Lembu Agung kenging deui elmuna, anu ku ramana (Prabu Tadjimalela) dititipkeun dihiji putri anu calik di eta gunung. Nya dugi ka ayeuna eta gunung katelah Gunung Putri, aya di daerah Darmaraja. (Satu tempat petilasan Prabu Lembu Agung yang telah memperoleh kembali ilmunya. Ilmunya dititipkan ayahnya kepada seorang putrid yang tinggal di gunung itu. Hingga sekarang gunung itu dikenal sebagai Gunung Putri yang terletak di Darmaraja)

19) Kampung Malember :

Hiji tempat tilas Prabu Lembu Agung saparantosna kenging deui elmuna, anjeunna ngaraos leber manahna untupan kanggo nandingan jajatena Raden Sumbat Gandaria Lembu Andaka anu salajengna kawon leungit ilang tanpa karana da puguh asalna oge ciciptan ramana. Tug dugi ka kiwari eta kampung katelah kampung Maleber daerah Kacamatan Wado. (Patilasan Prabu Lembu Agung pasca

memperoleh kembali ilmunya. Ia merasa muncul keberanian untuk beradu tanding dengan Raden Sumbat Gandaria Lembu Andaka yang kemudian kalah, hilang lenyap tak berbekas. Hal itu disebabkan asalnya reka cipta ayahnya. Sekarang kampung itu dinamai Kampung Maleber yang berada di daerah Kacamatan Wado

20) Kampung Leuwi Hideung :

Nami tempat tilas puseur dayeuh Sumedanglarang anu disebat Tembong Agung, aya di Kampung Leuwi Hideung Darmaraja kenging Prabu Tadjimalela, diteraskeun ku putrana jenenan Prabu Lembu Agung.

Prabu Tadjimalela saparantos liren tina nyepeng kalungguhan, anjeunna janten resi anu katelah Resi Crakabuana.

(Nama ibu kota Sumedanglarang yang disebut Tembong Agung. Letaknya di Kampung Leuwi Hideung Darmaraja jerih payah Prabu Tadjimalela, diteruskan oleh putranya Prabu Lembu Agung.setelah turun tahta, ia menjadi resi yang terkenal sebagai Resi Cakrabuana)

21) Kampung Gorowong :

Asal mula di namian eta kampung tilas Prabu Tajdi Malela bade tilem namung teu cios jalaran kaganggu ku sato nami Jalarang, maksadna tilem nyaeta bade milari tempat halwat/nyepen. Tug dugi ka kiwari eta tempat disebut Kampung Gorowong. (Asal mula nama kampong petilasan Prabu Tajdi Malela yang bermaksud untuk *tilem* "lenyap tanpa bekas", namun gagal karena terganggu oleh hewan jaralang. Maksud tilem adalah mencari tempat untuk menyepi. Sekarang tempat itu dinamai Kampung Gorowong)

22) Darmaraja

Eta tempat tilas Prabu Lembu Agung sareng Prabu Gajah Agung ngababar elmu kateguhan salira, di dinya nganggo jenengan rakana Wisesa, ari raina Prabu Wisesa.

Nalika Prabu Gajah Agung ku ramana di kedahkeun nampi janten Raja Sumedanglarang anu pinagaraeunnana kedah milari ku anjeun, sareng kumargi kapaksa kedah tumut ka rama, anjeunna nyaurkeun ... Darma jadi Raja, tug dugi ka kiwari eta tempat katelah Darmaraja. (Petilasan Prabu Lembu Agung dan Prabu Gajah Agung yang beradu ilmu keteguhan diri. Pada saat itu memakai nama Wisesa untuk kakak knya dan adiknya Prabu Wisesa. Ketika Prabu Gajah Agung oleh ayahnya diharuskan menerima tahta kerajaan Sumedanglarang dan sebab lain terpaksa karena taat kepada orang tua, beliau mengatakan ... Darma menjadi raja. Sekarang tempat itu dikenal Darmaraja).

23) Pawenang :

Ieu oge tilas sasakala Prabu Lembu Agung sareng Prabu Gajah Agung waktos ngababar elmuna anu disebat Elmu Sangkala Wisesa nu medang di Kahiangan atanapi modang di Pawenangan, tugdugi ka kiwari eta tempat disebat Kampung Pawenangan aya di wewengkon Kecamatan Wado. (Ini juga petilasan Prabu Lembu Agung dan Prabu Gajah Agung ketika beradu ilmu yang disebut Elmu Sangkala Wisesa yang medang di Kahyangan atau modang di Pawenangan. Sekarang tempat itu dinamai Kampung Pawenangan yang berada di Kecamatan Wado)

24) Gunung Bande

Ieu pasir sasakala waktos Prabu Lembu Agung sareng Prabu Gajah Agung ngababar Elmu Sir, pikeun ngabendean/nguatan manah sangkan ulah ujub takabur mastikeun hasil benang sorangan, padahal anu nangtukeun mah Gusti Nu Maha Kawasa yakni Gusti Allah.Nya dugi ka ayeuna eta tempat katelah Gunung Bende. (Bukit ini merupakan peristiwa Prabu Lembu Agung dan Prabu Gajah Agung

yang beradu ilmu Sir untuk "ngabendean", menguatkan hati agar terhindar dari ujub tekabur, merasa diri yang memastikan hasil, padahal semua yang menentukan adalah Tuhan Yang Maha Kuasa, yakni Gusti Allah. Sekarang tempat itu disebut Gunung Bende).

C. Sejarah Lokal

Tarsa Soleh (59)
Dusun Leuwiloa Desa Leuwi Hideung
Kecamatan Darmaraja Kab. Sumedang
Bahasa Sunda - Indonesia

1) Asal Mula Ngaran Sumedang jeung Darmaraja

Numutkeun carita sepuh kapungkur, cenah nu mimiti datang ka ieu tempat teh nya eta Eyang Guru Aji Putih Putrana Prabu Komara ti Tatar Galuh. Eyang Guru Aji Putih teh saurna mah asalna ti tatar Galuh. Anjeunna datang ka ieu tempat make rakit mapay-mapay walungan cimanuk, nya di ieu tempat eta Eyang Guru Aji Putih teh, rakitna nyangsang di hiji leuwi nu aya tangkal loa, dugi ka ayeuna eta tempat teh nerahna Kampung Leuwi Loa. Di eta tempat, saurna Eyang Guru Aji Putih disambut ku masyarakat nu samemehna geus aya di eta tempat, tepi ka hiji waktu Eyang Guru Aji Putih teh ngadegkeun padepokan/karajaan nu dibere ngaran Karajaan Tembong Agun, di padepokan eta Guru Aji Putih ngajarkeun elmu pangaweruh ka murid-muridna. Kahirupan di eta tempat saparak kadatangan Eyang Guru Aji Putih jadi maju. Prabu Aji Putih ngahijikeun tempat-tempat, tur anjeunna ngajarkeun elmu pangaweruh ka murid-muridna supaya maranehna barisa tatanen, melak pare, sampeu,

kacang, ngingu sasatoan sabangsaning domba, embe, munding, hayam jeung munding.

Prabu Guru Aji Putih, gaduh garwa namina Nawangwulan, eta istrina ceunah, kagungan putra Batara Tungtang Buna (Taji Malela) kakenal sohor, putrana teh opat Batara Tungtang Buana (Tajimalela), Sukawayana, Harisdarma, Langlangbuana, tah eta putrana. Karajaan Tembong Agung diturunkeun ku putrana, nya eta Batara Tuntang Buana. Saterusna Guru Aji Putih milih kahirupan anyar jadi Pandita nu musatkeun kahirupan kaagamaan, tur boga gelar Resi Cakrabuana. Numutkeum carios sepuhna, Eyang Guru Aju Putih kantos angkat ka Mekah pikeun neuleuman bag-bagam elmu agama Islam, malah saurna tek kantos tepang sareng guguru ka Saidina Ali, jeung saurnna nu pangheulana nyebarkeun agama Islam di Darmaraja Sumedang, ayeuna nya anjeuna pisan.

Ku Batara Tuntang Buana ngaran karajaan diganti jadi Karajaan Hibar Buana. Keur nambahan elmu pangaweruh, Batara Tuntang Buana ngalalana bari jeung tapa ka sababaraha tempat, di antarana di Gunung Merak, Gunung Pulosari, Gunung Puyuh, Gunung Lingga jeung tempat lainna. Nu pangtungtungna nya di Gunung Mandala Sakti. Di dinya Batara Tungtang Buana tatapa tepi ka eta gunung teh jadi belah dua, tapi ku kasaktian Batara Tungtang Buana eta gunung bisa dihijikeun deui ku cara disimpay atawa ditalaian, nepi ka ayeuna eta gunung urut tapana katelah Gunung Simpay.

Basa Batara Tungtang Buana keur tapa di gunung Simpay, aya hiji kajadian nu luar biasa

kaayaan alam dunya di suku Gunung Cakrabuana, salila tilu poe tilu peuting kaayaan langit jadi caang ku cahaya nu melengkung mirip salendang (malela),. Waktu harita anjeuna nyarita. "Insun Medal Ingsung Mandangan", maksudna kuring lahirkeur nyaangan. Nya tina ucapan Batara Tungtang Buana eta, Insun Mandangan, akhirna jadi kecap Sumedang. Sangeus rengse tapana, Batara Tungtang Buana turun ti gunung tempat tatapa, ngaranna oge diganti jadi Prabu Tajimalela. Nu hartina, Taji teh sekeut ari Malela hartina salendang, jeung karajaan Hibar Buana diganti ngaranna jadi Karajaan Sumedang Larang.

Prabu Tajimalela boga tilu (putra) nya eta Jayabrata atawa Batara Sakti nu kashorna Prabu Lembu Agung, nu kadua Atmabrata atawa Bagawan Batara Wirayuda nu katelah Prabu Gajah Agung, nu katilu nya eta Mariana Jaya atawa Batara Dikusumah nu katelah Prabu Sunan Ulun. Lembu Agung di Astana Gede, Gajah Agung di Cicanting, Prabu Sunan Ulun mah ayana teh di daerah Limbangan. Tah Lembu Agung jeung Gajah Agung mah kembar saurna teh. Sok turun temurun tepi ka anak incu buyut tepi ka kiwari, anu nepi ka Dayeuh Luhur Prabu Geusan Ulun Sumedang Larang, tepi ka kiwari wae terus Sumedang Larang, teu robah. Nu jadi raja teh adina nya eta Prabu Gajah Agung, ngan Prabu Lembu Agung oge kantos sakedap jadi raja, ulah henteu teuing jadi raja merennan, ngalaman sakedap ngan dipasrahkeun deui ka raina ka Gajah Agung, tah eta nu lami mah, ngajembarkeun katurunan teh ti dinya ti Gajah Agung.



Dok. BPNB-Bandung

Foto13: Prabu Lembu Agung

Ceuk sakaol, basa PrabuTajimalela rek nurunkeun tahta karajaan ka budak anu dua ka Lembu Agung jeung Gajah Agung, ku sabab kembar panginten, sami ageungna, sami umurna sami sagala-galana, dedeg pangadegna, elmu jeung pangabisana oge hampir sami, rek dibikeun ka Lembu Agung kumaha Gajah Agung geus dewasa nya piraku lanceukna diliwat, nya putra teh dipiwarang tapa puasa di Gunung Sangkan Jaya salami opat puluh dinten opat puluh wengi ku ramana teh, cing saha nu kuat puasa opat puluh poe opat puluh peuting, anu ditapaannana dawegan kalapa hejo, tarok eta kalapa mun tamat puasa, nya alhamdulillah duanana oge kuat, tamat puasana opat puluh poe opat puluh peuting, geus akhir puasa tarok eta dawegan, cing saha anu eta dawegan aya caian eta nu hak jadi raja. Barang brak ditarok, anu Lembu Agung mah garing, nu Gajah Agung mah

caian, eta hak jadi raja. Ngan wayahnya daerah kakuasaan kudu neangan sorangan. Ku sabab ku Bapana tadi jangji dimana nu aya caian eta nu hak jadi raja, anu garing mah wayahna entong.

Ku sabab bijaksana, Prabu Gajah Agung teh, nya diserenkeun ka lanceukna, sabab aya kecap taktak mah moal ngaluhuran sirah, moal enya jol-jol adi nu jadi raja ari lanceuk henteu. Lembu Agung nampik, da narima eleh tapa, da ceuk ama baheula kitu mereunan. Gajah Agung tetep masrahkeun, Lembu Agung tetep nampik, nya lami teu lami ditarima mereun ku Lembu Agung teh, nya ari kitu mah ku akang ditarima, ngan akang mah darmangarajaan wungkul ulah henteu teuing jadi raja.

Nya aya kecap, ceuk sakaol mah Darmaraja teh tina kecap darmangarajaan jadi raja oge bubuhan nu jadi adi masrahkeun tahta karajaan kanu jadi lanceuk, jadi raja sakedap tambah hentu teuing, nya nu lami mah eta we Gajah Agung. Saurna, saatosna eta karajaan di pasrahkeun ka putranna, nya eta Eyang Prabu Gajah Agung, anjeuna mah angkat ti karajaan, saurna mah ngajugjug ka gunung Lingga, tapabrata, kamarifatannana di dinya, ngadeukeutkeun diri kanu Maha Kawasa. Ari lingga teh artina eling ka raga

Sumber : Yayan Supwakhyan Bandung: Universitas Pendidikan Indonesia

Terjemahan : Asal Mula Nama Sumedang dan Darmaraja

Menurut cerita orang tua dulu, yang pertama datang ke tempat ini yaitu Eyang Guru Aji Putih, putera Prabu Komara dari Tatar

Galuh. Eyang Guru Aji putih, katanya asal muasalnya dari wilayah Galuh. Ia datang ke tempat ini menggunakan rakit menelusuri sungai Cimanuk. Di tempat ini rakit yang ditumpangi Eyang Prabu Aji Putih itu tersangkut di satu ulekan yang di atasnya ada pohon loa, maka sampai saat ini, tempat ini terkenal dengan nama Leuwi Loa.

Di tempat yang sekarang namanya Leuwi Loa, katanya Eyang Prabu Guru Aji Putih disambut oleh masyarakat setempat yang sebelumnya sudah ada, sampai pada suatu waktu Eyang Aji Putih mendirikan padepokan atau kerajaan yang diberi nama Kerajaan Tembong Agung, di tempat ini Eyang Prabu Guru Aji Putih mengajarkan berbagai ilmu pengetahuan. Sedatangnya Eyang Guru Aji Putih ke tempat ini, kehidupan di tempat ini semakin maju. Prabu Guru Aji Putih berusaha menyatukan tempat-tempat disekitarnya. Ia mengajarkan berbagai ilmu agar para muridnya bisa bertani, menanam padi, kacang, ubi, dan lain-lain, memelihara hewan seperti domba, kambing, sapi, ayam dan kerbau. Prabu Guru Aji Putih punya istri yang bernama Nawangwulan, dan punya anak tiga, yaitu Batara Tungtang Buana atau yang terkenal dengan nama Prabu Tajimalela, Sukawayana,Harisdarma dan Langlangbuana.

Kerajaan Tembong Agung diturunkan kepada putranya, yaitu Batara Tungtang Buana. Setelah menurunkan tahta kerajaan Guru Aji Putih memiilih kehidupan baru menjadi Pandita yang memusatkan diri dalam kehidupan beragama, serta mempunya gelar Resi Cakrabuana. Menurut cerita orang tua dulu yang menyebarkan agama Islam di Darmaraja ini adalah Eyang Prabu Guru Aji Putih. Oleh Batara Tungtang Buana nama kerajaan diganti menjadi Kerajaan Hibar Buana.

Untuk menambah ilmu pengetahuan Batara Tungtang Buana mengadakan perjalanan menuju berbagai tempat sambil *tapa*. Tempat-tempat yang pernah disinggahinya antara lain Gunung Merak, Gunung

Pulosari, Gunung Puyuh, Gunung Liangga dan tempat-tempat lainnya. Terakhirnya di Gunung Mandalasakti. Di gunun itu Batara Tungtang Buana tapa sampai-sampai gunung itu menjadi belah dua, dengan kesaktiannya, gunung yang terbelah itu bisa disatukan lagi dengan (*disimpay*), sampai sekarang nama gunung itu Gunung Simpay. Ketika Batara Tungtang Buana bertapa di Gunung Simpay, ada satu kejadian yang luar biasa keadaan alam dunia di suku Gunung Cakrabuana terang benderang selama tiga hari tiga malam dan ada cahaya yang *melengkung* mirip selendang. Waktu kejadian itulah Ia berkata " *Insun Medal Ingsung Mandangan*" yang artinya saya lahir untuk menceri penerangan. Dari ucapan Batara Tungtang Buana itulah, yaitu *Insun Medal Ingsung Mandangan*, akhirnya menjadi kata Sumedang, sampai sekarang.

Setelah selesai bertapa, Batara Tungtang Buana turun dari gunung tempat bertapanya, dan ia mendapat gelar Prabu Taji Malela, yang artinya taji itu tajam, runcing, dan malela artinya selendang, dan nama Kerajaan Hibar Buana berubah nama menjadi Kerajaan Sumedang Larang.

Prabu Tajimalela mempunyai tiga orang anak yaitu Jayabrata atawa Batara Sakti yang terkenal dengan nama Prabu Lembu Agung, yang kedua Atmabrata atau Bagawan Batara Wirayuda atau yang terkenal dengan sebutan Prabu Gajah Agung, yang ketiga yaitu Mariana Jaya atau Batara Dikusumah yang terkenal dengan nama Prabu Sunan Ulun. Prabu Lembu Agung di Astana Gede, Prabu Gajah Agung di Cicanting, Prabu Sunan Ulun adanya di daerah Limbangan. Katanya, Prabu Lembu Agung dan Prabu Gajah Agung kembar. Yang menjadi raja yaitu adiknya, yaitu Prabu Gajah Agung. Prabu Gajah Agung juga pernah menjadi raja, hanya tidak lama, hanya sekedar *ngarajaan* saja, mengalami sebentar tapi seterusnya diserahkan lagi kepada adiknya ka Prabu Gajah Agung, nah itu yang lama menjadi raja, dan menyebarkan keturunan.

Menurut cerita, ketika Prabu Tajimalela akan menurunkan tahta kerajaan Sumedang Larang kepada kedua anaknya, yaitu kepada Prabu Lembu Agung dan Prabu Gajah Agung, karena kembar, sama besarnya, sama usianya, sama segala-galanya, tubuhnya sama, elmu kedigjayaannya sama. Akan diturunkan kepada Lembu Agung, bagaimana Gajah Agung karena sudah dewasa. Akhirnya kedua putranya disuruh bertapa dan puasa selama empat puluh hari empat pukuh malam di Gunung Sangkan Jaya. Siapa yang kuat puasa empat puluh hari empat puluh malam sambil menunggui kelapa muda dan sebilah pedang, belah kelapa muda itu. Alhamdulillah kedua anaknya itu bisa menamatkan puasanya. Ketika kepala muda itu dibelah, ternyata yang ada airnya kepunyaan Lembu Agung, yang Gajah Agung kosong, itu yang berhak menjadi raja. Karena orang tuanya sudah janji, siapa yang ada airnya itu yang hak jadi raja, sedangkan yang tidak ada air kelapanya tidak jadi raja.

Karena bijaksana Gajah Agung itu menyerahkan tahta Kerajaan Sumedang Larang kepada kakak knya Gajah Agung, sebab ada kata pundak tidak akan melebihi kepala, tak mungkin adinya harus mendahului kakak knya menjadi raja. Lembu Agung tetap menolaknya, karena merasa kalah dalam bertapa, karena amanat orang tuanya begitu. Gajah Agung tetap mau menyerahkan tahta kerajaannya, Lembu Agung tetap menolak, tapi lama-kelamaan akhirnya Lembu Agung menerima menjadi raja. Ya kalau begitu mah akang narima jadi raja, tapi hanya sekedar jadi raja, *darmangarajaan.* Katanya dari ucapan itulah kata Darmaraja itu berasal dari kata *darma ngarajaan*, menjadi raja juga hanya sebagai sarat saja, sebab adiknya memaksa, jadi raja hanya sebentar, yang lama yaitu Gajah Agung.

Setelah kerajaan diserahkan kepada anaknya, yaitu Prabu Gajah Agung. Prabu Tajimalela berangkat keluar dari kerajaan, katanya menuju ke Gunung Lingga, untuk tapabrata, menjalankan kemaripatan. Lingga itu artinya eling ka raga. Ingat kepada jiwa.

2) Prabu Aji Putih

E. Rokayah (52)
Desa Cipaku, Kab. Sumedang
Sunda-Indonesia



Dok. BPNB-Bandung

Foto 14: Makam Prabu Aji Putih

Ieu mah ceuk dongeng nu ngadegkeun karajaan Tembong Agung teh nya eta Prabu Aji Putih. Duka teuing taunna mah ngan ieu mah ceuk beja nu dibejakeuna deui, diadegkeunana teh samangsa bulan purnama tanggal 14 Muharam anu pernahna di Kampung Muhara Leuwihideung. Karatonna lain tina batu atawa keusik sakumaha kasaksen cara jaman kiwari, tapi karatonna teh mangrupa imah panggung tina kakak ian. Suhunana niru-niru manuk julang ngapak nyanghareup ka alun-alun maya datar, nya eta tanah lega anu datar piparantieun acara kanagaraan jeung tempat kasantikaan.

Pakarangan karatonna oge dikurilingan pager kai. Disagigireun eta, digigireunana diwangun imah gede pikeun tempat musyawarah para pajabat nagara. Atuh ka beulah dituna sanggeus imah gede diadegkeun oge imah ngan rada leutik, cenah, pikeun kulawarga raja.

Prabu Aji Putih ngadahup ka Dewi Ratna Inten atawa Dewi Nawang Wulan. Ari Dewi Nawang Wulan teh putrana Jagat Jayanata, alona Purbasora atawa seuweuna Resi Demunawan ti prameswari Saribanon Kencana. Bati tina pernikahan Aji Putih jeung Dewi Nawang Wulan teh boga anak opat nya eta: Bratakusumah, Sokawayana, Harisdarma jeung Langlangbuana.

Hiji mangsa Aji Putih ngimpi disumpingan resi kahot. Pameunteuna kasep, jangkung jeung kulitna koneng bersih nya anjeunna masihan pituduh yen nagara baris salamet tina bancang pakewuh panyakit lamun sanggup newak bintang kerti. Ieu pituduh impian teh jadi pikiran beurang peuting nepi ka hatena guligah lantaran teu bisa ngungkulan kumaha carana nyokot bentang kerti. Dina pikiranana bentang baranang di langit teh mustahil kacangking. Nya pikeun neang pijalaneunana, inyana gilig dek nyepen menta pituduh ti nu gaib.

Samangsa keur nyepen, resi nu mere pituduh dialam impian teh ngajanggelek bari papatah. Papatahna sarua jeung papatah nu enggeus tea. Ku kajadian kitu teh, sang Prabu Aji kalah beuki bingung, nya antugna waleh menta pituduh ka resi. da pamikirna " ngimpi teh ciri atawa tanda-tanda kakak wasaan, seug tea mah impian dipiyakin titangtu baris bukti jadi nyata". Ras we inget ka amanat karuhunna , yen hiji mangsa baris panggih jeung jalan kahadean molongpong ti panto Mekah nepi ka pulo hideung. Di dinya teh manusa aleut-aleutan neangan kautamaan kahadean, ngan maranehana sorangan teu nyahoeun nu disebut kahadean teh. Ras deui inget Prabu Aji teh dongeng akina, yen agama nu panungtung

teh baris dilungsurkeun di Mekah. Jorojoy we hayang ngabuktikeun jeung ngayakinkeun.

Prabu Aji Putih geus gilig hatena teteg seja ngalalana ninggalkeun karaton nu diceungceum beurang peuting teh nya eta negeri Mekah. Nya dina waktu nu geus ditangtukeun Prabu Aji Putih ngahaja ngumpulkeun para pajabat karajaan pikeun nyaksian pamasrahan kakak wasaan ka anakna, Bratakusumah. Maksudna mah sangkan nagara aya nu ngurus jeung deui keuna kana kana paribasa pardu ka sambut sunah ka lampah, pagawean nu poko dipilampah pagawean nu sejenna oge kapigawe.

Prabu Aji Putih lunta ninggalkeun keraton. Teu kacaturkeun di jalanna anjog we ka Teluk Persi. Rek meuntas laut teh taya sulitna da anjeuna mah boga elmu nu disebut elmu Rasjleg (Khowat) nya eta samangsa hayang ngajugjug hiji tempat nya sapada harita geus tepi deui.

Di Teluk Persi Prabu Aji Putih pendak jeung ulama kahot, Syekh Ali. Bakat ku sering panggih antukna guguru. Ngan aya saratna ari hayang jadi murid Syek Ali mah nya eta kudu maca sahadat. Sanggeus nyanggupan mah teu hese beleke deui anjeunna teh digembleng elmu-elmu agama, saperti : Usuludin, Syareat, Torekat jeung marifat. Minangka pamungkasna Aji Putih nyumponan parentah Allah ngalaksanakeun conto Rasulullah nya eta ibadah haji ka Mekah. Nya mulang ibadah haji teh meunang gelar Haji Purwa Darmaraja nya eta jalma nu mimiti ibadah haji di Darmaraja.

Samemeh mulang ka tempat asalna, Prabu Aji Putih diamanatan ku guruna sangkan ngadegkeun masjid jami jeung pangwuduanana di tujuh tempat. Samulangna ti Mekah, anjeunna nedunan parentah guruna nya eta ngadegkeun mesjid jami di sabudeureun Gunung Lingga. Ieu parentah teh gagal lantaran masyarakatna nolak bari nyeungseurikeun kalakuanana. Dimaklum daa maranehanana teu nyahoeun nu disebut mesjid. Nya pikeun

paringetan mah ieu tempat teh disebut we Gunung Masigit. Sok sanajan kitu, teu jadi penggas harepan. Prabu Aji Putih ngamaklum da teu gampang ngarobah kayakinan jalma teh jeung deui lain pagawean enteng ngarobah kayakinan bari teu nimbulkeun pacogregan antar-umat. Bari dikeureuyeuh tur teu kendat-kendat muntang ka Nu Agung mah teu burung ngawujud pangwuduan teh. Nya pangwuduan teh diadegkeun di tempat sirah cai nya eta Cikajayaan, Cikahuripan, Cikawedukan, Cikatimbulan, Cimaraja, Cisundajaya jeung Cilemahtama.

Sanggeus nedunan amanat guruna mah Prabu Aji Putih teh nganjrek tumetep di padepokan Cipeueut nuluykeun hanca ramana, Sanghyang Resi Agung. Ti semet harita Cipeueut di ganti ngarana jadi Cipaku.

Sabada dicekel ku Prabu Aji Putih mah padepokan teh beuki nanjung komarana. Pada ngajugjug pada ngadeudeug ku nu barutuheun ku elmu panemu bari ngahajakeun maneh jaradi muridna. Maranehana diwanohkeun kana prinsip-prinsip Islam ngaliwatan sastra jeung tradisi tatali karuhun. "Anu disebut Sanghyang Widi teh taya lian Gusti Allah anu nyiptakan sadaya alam. Sir budi Cipta rasa sir rasa papan raga dzat marifat wujud kula maring Alloh, malaikat, khodam karomah roh suci maring Ingsun sejeroning urip, laillaha ilallah Muhammadarsulullah.

Hiji mangsa Prabu Aji Putih ngajarkeun tata cara ibadah haji. Dina panungtungan pangajaranana anjeunna nyarita ka santri-santrina " maraneh tong waka aribadah haji satungtung ningali tatangga sangsara atawa kalaparan, keur saheulaaneun mah cukup diwakilan ku kula. Seug tea mah can mampuh pikeun nyadiakeun waragad piinditeunana, maraneh cukup jaradi haji batin bae." Hanjakal pisan teu sakabeh sasntri mampuh nafsirkeun eta kekecapan. Antukna mah eta teh ngabalukarkeun katangtuan kapamalian, yen "urang Cipaku cadu ibadah haji".

Prabu Aji Putih ngajarkeun oge aci eusining sahadat. Sahadat teh ikrar atawa jangji ka Gusti Allah, jangji ka Rasulullah oge jangji ka diri. Lamun sahadat geus gumulung jeung diri, tinangtu iman baris wedel kuat nyekel ageman. Moal gampang kagoda kagembang. Lian kitu oge maraneh kudu jangji ka karuhun nu geus leuwih ti heula aya, tapi kiwari geus taya dikieuna. Mola aya kiwari mun euweuh baheula, baheula lain kiwari, kiwari ge lain baheula, ngan ayana ayeuna lantaran dipiheulaan ku ayana baheula.

Satuluyna Prabu Aji Putih ngajarkeun sahadat Cipaku maksudna mah ngarah urang Cipaku leuwih pageuh cecekelan jeung teu pareumeun obor. Kieu unina sahadat Cipaku teh :

" Sang Kuncung batara wenang, sari sanika ku Alloh langit ngait jagat rapak, tarima badan kaula sirna Adam, Hu Alloh, Hu Alloh, Hu Alloh, Hu Alloh, Hu Alloh, Lailahailalloh muhamadarrosululloh.

Terjemahan : Prabu Aji Putih

Menurut cerita yang mendirikan kerajaan Tembong Agung adalah Prabu Aji Putih. Dan ini adalah cerita yang diceritakan lagi bahwa pada saat terang bulan 14 Muharam, Aji Putih mendirikan kerajaan Tembong Agung di kampung Muhara Leuwihideung. Keraton di buat model panggung menggunakan bahan serba kayu, gaya atap *julang ngapak* menghadap ke alun-alun maya datar. Yakni tempat kegiatan kenegaraan dan latihan prajurit. Halaman keraton di kelilingi pagar kayu, di samping keraton terdapat rumah besar tempat musyawarah para pembesar kerajaan, di sebelahnya terdapat rumah kecil tempat tinggal keluarga raja.

Prabu Aji Putih menikah dengan Dewi Ratna Inten atau Dewi Nawang Wulan yaitu putri Jagat Jayanata, keponakan Purbasora atau cucunya Resi Demunawan dari permesuri Saribanon Kencana. Buah

perkawinan Aji Putih dengan Dewi Nawang Wulan melahirkan Bratakusumah, Sokawayana, Harisdarma dan Langlangbuana.

Pada suatu waktu, Aji Putih mimpi kedatangan seorang resi berparas tampan, badannya tinggi dan berkulit kuning menyampaikan petunjuk bahwa negara akan terhindar dari bencana peperangan dan rakyat selamat dari bencana penyakit apabila mendapatkan bintang kerti. Petunjuk itu direnunginya siang dan malam yang akhirnya membuat dirinya gelisah karena belum tahu bagaimana cara mengambilnya. Pikirnya bintang yang bertaburan di langit itu tidak mungkin bisa di ambil. Oleh karena itulah ia menyepi untuk memohon petunjuk gaib.

Pada saat nyepi, resi yang pernah hadir dalam mimpinya muncul kembali, pembicaraannya sama dengan kata-kata yang disampaikan dalam mimpi. Oleh karena itu makin bingung, lalu memohon petunjuk kepada resi. Resi berkata "Mimpi adalah suatu tanda-tanda, seandainya mimpi itu diyakini, maka impian itu akan menjadi kenyataan".

Teringatlah pada amanat leluhurnya, " Suatu saat jalan kearifan membujur dari pintu Mekah sampai ke pulau hitam, manusia berbondong-bondong mencari kearifan tetapi mereka tidak tahu apa yang di sebut arif". Teringatlah pula pada cerita kakeknya, "Agama terakhir diturunkan di Negeri Mekah". Timbullah niat untuk membuktikan keyakinan itu.

Pada suatu hari, Prabu Aji Putih mengundang para bawahannya untuk menyaksikan penyerahan kekuasan kepada Bratakusumah, oleh karena akan meninggalkan keraton. Setelah mendapat restu dari istrinya, parbu Aji Putih meninggalkan keraton menuju daratan Teluk Persi.

Di tepi Teluk Persi untuk menyebranginya ia menggunakan ilmu kesaktian ilmu Rasjleg (Khowat). Yaitu sebuah ilmu kesaktian yang ketika pikiran tertuju pada tempat yang dimaksud, sampailah di

tempat itu. Di Teluk Persi bertemu dengan seorang ulama besar bernama Syekh Ali. Pertemuan itu kerap kali di lakukan kemudian Aji Putih diterima menjadi muridnya, dengan syarat harus membaca shahadat sebagai kesaksian menganut agama Islam.

Setelah diterima menjadi murid, diwirid ilmu usuludin, syareat, tarekat dan marifat. Dalam menyempurnakan Islamnya Aji Putih menunaikan Ibadah Haji ke Mekah dengan gelar Haji Purwa Darmaraja yaitu orang yang pertama gelar haji di bumi Darmaraja.

Menjelang kepulangannya, mendapat perintah dari gurunya agar mendirikan mesjid jami dan tempat-tempat wudlu di tujuh tempat. Sepulangnya dari Mekah Aji Putih melaksanakan perintah gurunya dengan membangun mesjid jami di sekitar gunung Lingga, namun gagal karena bekerja sendirian, dan mendapat penolakan dari penduduk setempat bahan ditertawakan karena belum tahu apa yang di sebut mesjid atat masigit. Untuk mengenang peristiwa tersebut, Aji Putih memberi nama Gunung Masigit.

Walaupun demikian, Aji Putih tidak merasa tersinggung, karena menyadari bahwa mengubah keyakinan agama bukan pekerjaan yang mudah, tetapi memerlukan cara-cara yang lembut agar tidak menyinggung umat lain dan tidak menimbulkan permusuhan. Kemudian membuat tempat-tempat wudlu di tujuh titik sumber mata air yaitu Cikajayaan, Cikahuripan, Cikawedukan, Cikatimbulan, Cimaraja, Cisundajaya dan Cilemahtama.

Setelah mendirikan tempat-tempat wudlu menetap di padepokan Cipeueut melanjutkan perjuangan ayahnya sanghyang Resi Agung. Sejak itulah Cipeueut di ganti namanya menjadi Cipaku. Dalam perkembangannya padepokan tersebut banyak didatangi penduduk yang sengaja untuk menjadi muridnya. Mereka mulai diperkenalkan kepada prinsip-prinsip Islam, melalui falsafah sastra aksara, dengan meusupkan nilai-nilai Islam ke dalam tradisi-tradisi budaya peninggalan nenek moyang. " Yang disebut Sanghyang Widi

adalah Tuhan Pencipta Alam, disebut Gusti Alloh. Untuk mengetahuinya, Sir budi Cipta rasa sir rasa papan raga dzat marifat wujud kula maring Alloh, Malaikat, Khodam karomah roh suci maring Ingsun sejeroning urif, laillaha ilalloh Muhamadarosulullloh. Artinya : Getaran Jiwa adalah untuk menciptakan perasaan, getaran perasaan untuk menghidupkan jasmani. Dzat (Roh) untuk mengetahui diri sendiri, untuk mendekatkan diri dengan malaikat, medekatkan diri dengan Kharommah roh suci (leluhur). Tidak ada Tuhan selain Alloh, Muhamad utusan Alloh.

Pada suatu hari, Prabu Aji Putih menjelaskan tata cara menunaikan ibadah haji, berkata kepada muridnya," Kalian jangan dulu menunaikan ibadah haji selama kalian masih melihat tetangga sengsara atau kelaparan, untuk sementara cukup mewakilkan kepadaku saja, seandainya belum mampu menyediakan biaya perjalanan, kalian cukup menjadi haji batinnya saja". Namun tidak semua muridnya mampu menafsirkannya, timbullah ketabuan," Orang Cipaku tidak boleh naik haji". Karena pada saat itu pengetahuan mereka terbatas.

Aji Putih menjelaskan pula tentang makna shahadat adalah ikrar janji, yaitu janji kepada dirinya sendiri, janji kepada Tuhannya, janji kepada Rosulnya. Seandainya shahadat telah menyatu dalam diri, keimanannya tidak akan tergoda, kokoh dan kuat memegang keyakinan dan kepribadian. Selain itu kalian harus berjanji kepada leluhur yaitu roh-roh yang lebih dulu ada, jika tidak ada leluhur, tidak akan ada ilmu pengetahuan dan benda-benda yang diwariskan. Tidak akan ada sekarang kalau tidak ada yang lalu, dulu bukan sekarang, dan sekarang bukan dulu. Tetapi yang sekarang karena ada yang dulu." Untuk mempertebal keyakinan murid-muridnya terhadap tumpah darahnya, diciptakan sastra ritual disebut shahadat Cipaku bunyinya, " *Sang Kuncung batara wenang, sari sanika ku Alloh langit ngait jagat rapak, tarima badan kaula sirna Adam, Hu Alloh, Hu Alloh, Hu Alloh,*

*Hu Alloh, Hu Alloh, Lailahailalloh muhamadarrosulullo*h. Maknanya : sesuatu yang menyerupai benda lancip menjulur ke langit Maha Kuasa, keindahan atas kuasa Alloh langit seperti dikaitkan pada sesuatu, bumi terhampar luas, terimalah diriku ya Alloh, setelah Adam lenyap dari muka bumi. Atas kebesaran Alloh, tidak ada Tuhan selain Alloh.

3) Dewi Nawang Wulan

E. Rokayah (52)
Desa Cipaku, Kab. Sumedang
Sunda- Indonesia

Saha ari Dewi Nawang Wulan teh ? ceuk sakaol mah anjeunna teh putri geulis putrana Jagat Jayanata seuweuna Demunawan. Ngaran sabenerna mah Ratna Inten ngan ku lantaran geulis taya tanding sok ditelah bae Dewi Nawang Wulan. Ieu putri teh mibanda bakat seni tari da geuning tapakna ka kotektak di Kampung Munjul. Kaparigelan dina widang seni tari meh meakeun waktu pikeun nyumponan manggung, utamana ti kulawarga karajaan. Waditra pikeun mirig tarianana kawilang basajan ngan saukur dogdog jeung tarompet. Adu manis dogdog jeung tarompet teh nepi ka kiwari ngajanggelek jadi seni doger. Lian ti kitu, tarompetna osok oge aya nu nyebut beger.



Dok. BPNB-Bandung
Foto 15 : Komplek Makam Ratu Inten Dewi Nawangwulan

Kageulisan Ratna Inten ngagelarkeun landihan Dewi Nawang Wulan. Ieu teh dipapandekeun jeung titisan bidadari ti kahyangan, Dewi Nawang Wulan. Kasohoranana lain bae dikulawarga raja wungkul, tapi geus sumebar ka unggal lapisan masyarakat, hususna sudagar. Atuh teu aneh deui lamun para sudagar kataji ku kaparigelan narina.

Disatukangeun atoh gumbira teh aya kahariwang jeung kainggis sepuhna, lantaran unggal nyi ronggeng manggung sok ditungtungan ku kaributan malah nepi ka nimbulkeun rajapati. Ieu teh cukang lantaranna mah tina pacogregan kalangan bajidor nu hayang pada-pada ngaheroyan Nyi Ronggeng. Ieu pisan alesanana Jagat Jayanata rerencepan ngajodokeun Ratna Inten ka putra mahkota karajaan Galuh. Ngan Dewi Nawang Wulan nolak kana kapalay sepuhna, basana teh can boga niat bumen-bumen.

Kalawan taya beja tianggalna ujug-ujug wae pangagung Galuh datang ngalamar ku lamaran barang-barang nu hargaan. Hanjakal ditolak. Atuh kuciwa pisan rombongan Galuh teh mulangna ge teu basa teu carita teu pamit-pamit acan bari dibarengan gudawang hate, kasigeung.

Dewi Nawang Wulan wakca ka ramana, Jagat Jayanata, yen saenyana dirina teh geus lila midamdam lalaki di alam pangimpian. Anjeunna pendak jeung raja nu kewes pantes, mulya hatena tur bijaksana. Impian ieu jadi pangharepan hirupna bari tacan kaduga iraha pijadieunana. Nya ieu pisn nu ngalantarankeun anjeunna wani nolak panglamar ti Galuh. Ayeuna mah Nyi Ronggeng teh ngan kari sabar nungguan pangeran nu baris mapagkeun

Pondokkeun carita, Prabu Aji Putih oge ngalamar putri Ratna Inten. Anjeunna ngalamar teh ngan ku seureuh hideung lima lambar jeung tusuk konde. Demi ramana helok pisan ku kajadian ieu teh, da

geuning lamaran teh dita npa malah geus diputuskeun dina waktu nuteu lila deui dek ka bale nyungcung.

Dina poe sejen deui datang rombongan Heulawirang mawa lamaran mangrupa Gamelan Salawe Bangunan. Pangijerna baris ditarima ku ronggeng sadunya, sabab ieu gamelan teh diperlukeun pisan keur mirig tarian. Sudagar nu ngaku teureuh Surasowan Banten ieu teh geus lila mesen Gamelan Salawe Bangunan ti Mataram. Gamelan teh dijieunna tina bahan parunggu ngawengku 25 wilahan. Bonang 17 wilah, jenglong 5 wilah, goong sapuratina, kendang gede, kulanter jeung kecrek. Demi rarasna nya eta saptanada nu kiwari disebut gamelan kromong atawa Ajeng.

Ditampik sapajodogan ku Dewi Nawang Wulan teh ngabalukarkeun kakuciwaan Heulangwirang. Sapanjang jalan murang-maring nya marentahkeun ka anak buahna, pokna teh " barang-barang teh piceun we. Keur nanahaon dibawa balik" nungtutan wilahan-wilahan gamelan teh dipiceunan, tapi dipulung ku rahayat nu kaliliwatan rombongan.

Beja mah leuwih harus batan goong. Kitu deui beja Prabu Aji Putih geus ngalamar tur geus resmi jadi salaki Dewi Nawang Wulan teh ngahurungkeun dendam asmara Heulangwirang. Bakating ku bogoh jeung ceuceub Prabu Heulangwirang jeung pasukanana ngajorag Kerajaan Tembong Agung. Tangtu bae Prabu Aji Putih henteu cicingeun. Der perang campuh numpes karaman. Heulangwirang serah bongkokan taluk ka Prabu Aji Putih. Ngan pikeun ngalap hatena inyana, Heulangwirang, masih dibere kakak wasaan di wewengkon Pagerucukan.

Terjemahan : Dewi Nawang Wulan

Gadis cantik rupawan putri Jagat Jayanata atau cicitnya Demunawan bernama Ratna Inten, sejak kecil tinggal di sebuah dusun yang jauh dari keramain kota. Bakat seninya dari sejak kecil

dikembangkan oleh ayahnya, sehingga menjadi seniman penari . pertama kali pentas di Kampung Munjul, jejak itulah Ratna Inten menjadi penari terkenal.

Keahlinya yang dikuasainya banyak menyita waktu untuk memenuhi undangan mentas, terutama menghibur keluarga raja. Waditra atau musik pengiring tarian sangat sederhana berupa seperangkat dodog dan terompet, disebut Seni Doger yaitu paduan Waditra dogdog dengan terompet jenis alat tiup bunyinya nyaring, karena itulah terompet disebut beger.

Kecantikannya melahirkan julukan Dewi Nawang Wulan seolah-olah titisan bidadari Dewi Nawang Wulan dari khayangan. Ketenarannya tidak hanya dikenal oleh kalangan raja semata, tetapi menyentuh kalangan saudagar, tak mengherankan apabila banyak saudagar yang tertarik oleh penampilan seninya. Namun di balik ketenarannya menorehkan kekuatiran orang tuanya, karena setiap Nyi Ronggeng tampil di arena hiburan, selalu berakhir dengan keributan bahkan sering kali menimbulkan korban jiwa, sebagai akibat persaingan tidak sehat di kalangan bajidor (penggemar). Itu sebabnya Jagat Jayanata diam-diam hendak menjodohkan dengan putra mahkota kerajaan Galuh, Dewi Nawang Wulan menolak keinginan ayahnyam karena belum punya niat mengakhiri masa-masa lajangnya.

Tiba-tiba rombongan pengagung Galuh datang melamar, dengan lamran benda-benda berharga, namun mereka tersinggung, karena lamarannya ditolak, kemudian mereka meninggalkan pribumi tanpa pamit, pulang langgang sambil membawa hati hampa. Jagat Jayanata peka membaca sikap putrinya. Dewi Nawang Wulan berterus terang kepada ayahnya bahwa dirinya telah lama dihantui bayangan mimpi yang telah mempertemukan dirinya dengan sosok raja muda, berparas tampan, berhati lembut, dan arif bijaksana. Mimpinya menorehkan harapan, walaupun belum tahu entah kapan pertemuan terjadi, rupanya Ronggeng sadunya ini, tetap bersabar

menunggu kehadiran pria pilihannya. Tetapi ayahnya berpandangan bahwa mimpi adalah dongeng-dongeng kosong, mustahil akan terjadi. Timbul dari keinginan yang berlebihan, kadang-kadang membuat manusia larut ke dalam harapan-harapan yang hampa. Nawang Wulan berpandangan lain, baginya mimpi adalah petunjuk. Semua mimpi anugerah Tuhan yang mengisyaratkan akan terjadi sesuatu. Namun benar dan tidaknya tergantung dari sisi mana seseorang melihatnya. Alasan itulah yang membuat dirinya tidak mau menerima kehadiran pria yang hadir dalam mimpinya.

Tiba-tiba Prabu Aji Putih datang melamarnya dengan membawa lamaran berupa sirih hitam lima lembar dan sebuah benda berpetuah berupa tusuk konde. Kehadiran rombongan pelamar membuat Yahnya terheran-heran, lagi pula Dewi Nawang menerima lamaran Raja Tembong, bahkan memutuskan dalam waktu dekat akan meresmikan perkawinan.

Di hari kemudian datanglah rombongan Heulawirang membawa lamaran berupa Gamelan Salawe Bangunan. Dengan penuh keyakinan lamarannya akan diterima, karena pasti ronggeng sadunya memerlukan gamelan untuk mengiringi tarian. Saudagar yang mengaku keturunan Surasowan Banten itu, rupanya sudah lama memesan Gamelan Salawe Bangunan dari Mataram. Gamelan tersebut terbuat dari bahan Perunggu, terdiri dari 25 buah, bonang 17 buah, jengglong 5 buah, seperangkat gong, gendang besar 1 buah, gendang kecil 1 buah dan kecrek 1 buah, jumlahnya 25 bentuk, menggunakan laras pelog saptanada di sebut gamelan Kromong atau Ajeng.

Nawang Wulan menolak lamaran, membuat Heulangwirang tersinggung, kemudian pulang membawa perasaan kecewa. Sepanjang jalan marah-marah dan berkata kepada pengawalnya. " Benda-benda itu buang saja, buat apa di bawa pulang! Satu persatu wilahan gamelan dibuang, di ambil oleh penduduk yang kebetulan kampungnya di lewati rombongan pelamar.

Tersiarlah berita ke setiap penjuru desa, bahwa Prabu Aji Putih mempersunting Dewi Nawang Wulan di boyong ke keraton Tembong Agung, sungguh-sungguh menyalakan dendam asmara yang demikian membara. Akhirnya Prabu Heulangwirang membawa pasukan, lalu membuat kekacauan di perbatasan Kerajaan Tembong Agung. Namun Prabu Aji Putih berhasil menumpas pemberontakan, dan Heulangwirang berhasil ditangkap, setelah takluk menjadi pengabdi Prabu Aji Putih kedudukannya pupuhu daerah Pagerucukan.

4) Dalem Santapura

Mulyana (32)
Darmaraja, Kab. Sumedang
Sunda- Indonesia

Ceuk dongeng urang Darmaraja sabada Prabu Lembu Agung kawin jeung Banon Pujasari, brol we Santapura. Ti leuleutik jeung bapana tumetep di Kampung Muhara Leuwihideung Darmaraja.

Samangsa Lembu Agung ngecagkeun kalungguhanana, Santapura cicing di padepokan Lemah Sagandu atawa Cipeueut (Cipaku). Di dieu Santapura diwirid elmu agama jeung elmu kadarmarajaan minangka cikal bakal elmu kasumedangan. Elmu Kadarmarajaan eusina teh ngawengku kapamimpinan jeung pituduh pikeun muhit kakuatan gaib. Pikeun ngahontal paelmuan ieu, Santapura kudu ngajalankeun tapabrata di tempat nu dianggap mibanda kekuatan gaib. Ku cara kitu Resi Peteng Aji (Lembu Agung) meuseuh jeung ngalatih mental anak incuna. Hal ieu teh dihaja lantaran Lembu Agung keur nyayagakeun Santapura pikeun nyumebarkeun Agama Tauhid (Suci) di wewengkon Darmaraja.



Dok. BPNB-Bandung

Foto 15 : Komplek Makam Reusi Agung, Cipeueut

Hiji mangsa Santapura diparentah sangkan tapa di sisi Cimanuk. Tempatna teu pati jauh ti Cipeueut. Di sisi Cimanuk teh ngajajar tatangkalan nu galede, diantarana teh tangkal Tanjung. Ieu tangkal teh umurna geus kolot pisan tur dianggap sanget ku urang dinya mah. Handapeun tangkal tanjung aya batu pasagi bari geus hideung warnana, cenah eta tempat teh patilasan tapa luluhurna. Di dieu Santapura tapa teh pikeun nyeukeutan panca dria. Salila tapa teh dijaga ku dulur deukeutna.

Sabada rengse tapa, Santapura nancebkeun iteuk lebah tangkal tanjung. Ujug-ujug bae ngaburial cai seungit. Santapura pok nyarita ka nu jaga "nyeungitan di Ciwangi, mancuhkeun di Cipaku". Ti harita tempat ieu teh kasohor jadi Ciwangi nya di dieu oge Santapura ngadegkeun padepokan tempat guguru elmu lahir batin.

Terjemahan : Dalem Santapura

Buah perkawinan Prabu Lembu Agung dengan Banon Pujasari melahirkan Santapura. Sejak kecil tinggal bersama ayahnya

di Kampung Muhara Leuwihideung Darmaraja. Setelah Lembu Agung turun tahta, Santapura tinggal di padepokan Lemah Sagandu atau Cipeueut (Cipaku). Disanalah Santapura bersama kerabat diwirid ilmu keagamaan dan ilmu kdarmarajaan sebagai cikal bakal ilmu kasumedangan. Ilmu Kadarmarajaan banyak menerangkan tentang kepemimpinan dan membat petunjuk tentang cara-cara untuk memperoleh kekuatan gaib. Untuk memperoleh ilmu tersebut diharuskan melakukan ilmu tapabrata di tempat yang dianggap memiliki kekuatan gaib. Dengan cara itulah Resi Peteng Aji (Lembu Agung) menempa mental anak cucunya. Rupanya Lembu Agung sengaja mempersiapkan Santapura untuk mensiarkan Agama Tauhid (Suci) di daerah darmaraja.

Suatu waktu, Santapura diperintah bertapa di tepian sungai Cimanuk yang tidak jauh dari Cipeueut. Di tepi sungai Cimanuk berderet pohon-pohon besar , diantara pepohonan itu terdapat pohon Tanjung yang usianya sudah tua. Oleh penduduk setempat dianggap memiliki kekuatan Bathin. Di bawah pohon Tanjung terdapat batu persegi empat dengan warna kehitam-hitaman, sebagai tempat bertapa nenek moyang. Disanalah ia bertapa untuk mendapatkan ketajaman panca inderanya dan selama bertapa mendapat pengawalan saudara dekatnya.

Setelah selesai bertugas, ia menancapkan tongkat di dekat pohon Tanjung, tiba-tiba keluar air harum semerbak. Santapura berkata kepada pengawalnya; "nyeungitan di Ciwangi, mancuhkeun di Cipaku (mengharumkan air wangi, menguatkan seperti paku). Sejak itulah tempat tersebut dikenal Ciwangi dan disitu pulalah Santapura mendirikan padepokan kecil yang asri, yaitu tempat berguru ilmu lahir dan bathin. Padepokan tersebut banyak di datangi oleh penduduk yang haus ilmu, lalu berguru agamam selanjutnya menetap di situ dan sampai menutup usia di sana.

5) Aji Putih Sungklanglarang

Mulyana (32)
Darmaraja, Kab. Sumedang
Sunda- Indonesia

Santapura urang Dukuh Ciwangi. Ceuk sakaol mah manehanana teh boga kalungguhan nu kawilang penting. Sakumaha kolot nu nyaah ka anak, manehanana teh boga harepan gede keur ngamajukeun anakna nu cikal pikeun ngaganti dirina jaga. Demi ngaran anakna teh nya eta Aji Putih Sungklanglarang.

Aji Putih Sungklanglarang atawa Aji Putih Panungtung teh incuna Prabu Lembu Agung. Manehanana boga bakat pipamingpineun. Pikeun mekelan hirupna jaga, elmu pangaweruh bapana, nu ngaran Santapura, geus tamplok ka dirina. Sagala elmu geus kacangking boh elmu lahir boh elmu bathin kaasup elmu kesantikaan. Atuh tata titi duduga peryoga sapopoena matak deungdeuleueun rahayat. Beh dituna mah rahayat ge mihormat jeung ajrih ku sikep lakuna teh.

Hiji mangsa akina nampa parentah ti Prabu Lembu Agung sangkang ngabaladah nyieun benteng pertahanan di sabudeureun walungan Cimanuk. Lantaran anjeunna ngadangu yen urang Mataram daratang ka lebah walungan Cimanuk jeung Cilitung kalawan tapa idin raja Sumedang Larang. Jigana urang Mataram daratang ka dinya teh meunang parentah ti nu ngawasa Medang Jati Bumi Mataram pikeun ngalegaan kakak wasaan. Nya ku alatan ieu Santapura jeung Aji Putih Sungklanglarang nataharkeun pasukan di sabudeureun Curug Emas.

Hiji mangsa akina nampa parentah ti Prabu Lembu Agung pikeun ngawangun benteng pertahanan di sabudeureun walungan Cimanuk. Lantaran Prabu Lembu Agung ngadangu urang Mataram bubuara di sisi Ciamanuk jeung Cilutung kalawan tanpa izin ti nu

kawasa di Sumedanglarang. Prabu Lembu Agung ngangap urang Mataram kitu peta teh minangka parentah ti Medang Jati Bumi pikeun ngajorag Sumedanglarang. Nya ku alatan ieu Santapura jeung Aji Putih Sungklanglarang mepek balad di Curug Emas.

Teu kungsi lila urang Medang Jati Bumi Mataram jul jol daratang ka lebah walungan Cimanuk. Ari tepi disampakeun wadya balad der weh perang campuh. Pamuk Medang Jati Bumi Mataram reuwaseun asa katohyan, balad-baladna narungtutan kasambut. Dina panungtungan perang, Pamuk teh adu hareupan nepi ka soran taluk ku Aji Putih Sungklanglarang.

Satuluyna pamuk teh guguru ka Aji Putih Sungklanglarang. Demi anak buahna diidinan tetep tumetep di wewengkong Cimanuk kalawan disaratan. Ari pasaratanana teh nya eta kudu taat kana palaturan di Sumedanglarang .

Nya ti harita mimiti ngaradeg padukuhan pertanian di sapanjang Cimanuk. Urang Mataram jeung pribumi hirup sauyunan. Hitup gumulung nepi ka jadi kabiasaan masyarakat Sumedanglarang. Pungkas carita Aji Putih Sungklanglarang ngadegkeun patapaan di Curug Emas anu kiwari disebut Sumur Bandung. Nya di ieu tempat anjeunna nyampurnakeun elmuna nepi ka maotna.

Terjamahan: Aji Putih Sungklanglarang

Santapura adalah orang Dukuh Ciwangi. Menurut cerita ia memiliki jabatan. Seperti halnya orang tua yang sangat saying kepada anaknya, ia pun menaruh harapan kepada anak sulungnya untuk menjadi petinggi menggantikan dirinya. Adapun nama anaknya adalah Aji Putih Sungklanglarang atau Aji Putih Panungtung cucu Prabu Lembu Agung. Ia memiliki bakat kepemimpinan. Ilmu lahir dan bathin termasuk ilmu kesaktian yang telah diwariskan oleh ayahnya benar-benar telah dikuasai. Sikap perilakunya sangat menarik simpatik penduduk sehingga setiap orang menaruh hormat padanya.

Pada suatu waktunya kakeknya menerima perintah dari Prabu Lembu Agung agar membuat benteng pertahanan di sekitar sungai Cimanuk. Hal itu disebabkan Prabu Lembu Agung mendengar orang-orang Mataram berdatangan ke daerah tepian sungai Cimanuk dan Cilutung, tanpa ijin dari penguasa Sumedanglarang . Diduga mereka datang atas perintah penguasa Medang Jati Bumi Mataram dengan maksud untuk memperluas wilayah kekuasaan. Oleh karena itu, Santapura bersama anaknya, Aji Putih Sungklanglarang, membuat pasukan di sekitar Curug Emas.

Ketika orang Mataram berdatangan dari Medang Jati Bumi Mataram ke daerah tepian sungai Cimanuk, mereka disambut siaga pasukan. Terjadilah pertempuran sengit. Pamuk dari Bumi Medang Jati Bumi Mataram melakukan perlawanan, pasukan pemburu daerah-daerah subur itu berjatuhan, tinggallah pamuk sendirian, kemudian duel seru hingga roboh.

Setelah taluk menjadi murid Aji Putih Sungklanglarang. Sedangkan anak buahnya diijinkan menetap di sekitar daerah sungai Cimanuk, dengan syarat harus patuh terhadap peraturan yang berada di Sumedanglarang . Berdirilah dusun-dusun pertanian di sepanjang sungai Cimanuk. Kelompok penduduk baru hidup berdampingan dengan penduduk yang sudah lama menetap.

Pencampuran darah Mataram dan Sumedanglarang berproses lebih lama kemudian melebur dengan kebiasaan masyarakat Sumedanglarang. Aji Putih Sungklanglarang membangun petapaan di Curug Emas yang kemudian disebut Sumur Bandung dan di sana pulalah Aji Putih Sungklanglarang menyempurnakan ilmunya hingga akhir hayat.

Ki Wangsa, (54)
Desa Cipaku, Kecamatan Darmaraja
Sunda, Indonesia

6) Babon Kadarmarajaan

Punika carita Darmaraja Sumedang heuleut beurang heuleut peuting, asal alam nur putih cahaya hurip babar jadi tilu babaran di gunung Nurmala nu sok disebut Gunung Sangkanjaya. Nu jadi asal muasal manusa kahiji bakal Perbu Agung, kadua bakal kanjeng Rasul, nu katilu bakal Ratu Galuh. Jejer carita mertelakeun nu tiluan pada sasauran, pada ngaku pangsepuhna.

Ceuk Perbu Agung kaula nu pangsepuhna, ceuk Kanjeng Rasul kaula pangsepuhna, ceuk Ratu Galuh kaula pangheulana aya. Biantara taya nu mutus, nu tiluan pada sasauran deui. Ku sabab euweuh nu mutus ayeuna mah urang tiluan, urang pada-pada ngaronda mandapapat ka luhur ka handap.

Waktu ngaronda arinyana manggih sawen kagungan Nur Putih Cahaya Hurip tuluy nu tiluan sasauran. Saha nu ucul tibatan urang , sabot keut kitu kadenge aya sora tan katingal, "Aing nu boga sawen", nu tiluan ngalisan,"urang geus euweuh pilakueun sabab ngaronda disampakkeun sawen. Ayeuna mah urang andum bae". Nu tiluan ngaku pilakueun. Ceuk Kanjeng Rasul kaula sanggem nyangking hakekat, ceuk Ratu Galuh kaula sanggem nyangking sareat minuhan alam katut ngaramekeun dunya. Ceuk Perbu Agung kaula mah teu kabagean pilakueun, ku lantaran kitu rek nyangking hakekat jeung sareat.

Nu ngagem hakekat lungsur ti Mekah, nu sanggem sareat lungsur di Gunung Penuh, nu ngagem sareat hakekat lungsur di Talaga Ngembeng, tanggal di Cidamar. Parantos kitu nu aya suara tan katingal, " Ulah nyareat. Pihakekakak teun teu jadi babarna ngan nyipta susunan Cidamar. Ti Cidamar tilem ari tanggal di Kadungora tilem, tanggal di Jampangmanggung. Ti Jampangmanggung tilem ari tanggal di Kandangwesi nyipta susunan Kandangwesi. Ti Kandangwesi tilem ari tanggal di Leuwilimus; ti Leuwilimus tilem ari tanggal di Parakantiga nyipa susunan Parakantiga. Ti Parakantiga

tilem ari tanggal di Rajanarung, ti Rajanarung tilem ari tanggal di Ciledug rek babar ngan tibang meledug. Ti Ciledug tilem ari tanggal di Gunung Merak rek babar di Gunung Merak dikerok-kerok ku Merak teu tulus babarna. Tilem di Gunung Merak ari tanggal di Ganeas di dinya nyaur,: "Gara-gara nea teuing mun babar di dieu". Ti dinya tilem notos ka gorowong, torojol jaralang lumpatna ngetan , ari rek maju ti dinya nyaur, "Naon jeung kumaha nu ngalantarankeun suda kajayaan". Ti dinya badarat nurutkeun tapak jaralang ka wetan sup ka Gunung Lingga di dinya ngalingga sakedap.

Sanggeus ngalingga sakedapan maju deui rek babar sup ka Gunung Mandalaya Bakti disimpay jemprung pegat simpayna. Saparantos babar di Gunung Simpay lungsur ka Gordi tuluy ngadegkeun nagara Tembong Agung ngaganti ngaran Perbu Tembong Agung. Sanggeusna kitu nigal cahaya indangsumalageuna sakembaran di wangunan, dicandak kagungan panutan sakembaran, jujuluk Lembu Agung sareng Gajah Agung, ditimbalan kudu jadi raja, nu hiji deui kudu mangkon ratu.

Ceuk Gajah Agung, "Raka bae nu jeneng raja. Rayi nu mangkon ratu". Tuluy pajulung-julung bae, ceuk rakana keukeuh rayi kudu jeneng raja. Geus kitu ku ramana dilotrekeun dipiwarang nungguan dewegan jeung pedang kamkam di Gunung Nurmala nu disebut Gunung Sangkanjaya. Dewegan jeung pedang kamkam ditungguan ku duaan. Geus kitu rakana palay siram tuluy misaur ka rayina, "Tungguan dewegan jeung pedang kamkam kaula rek siram heula". Gasik cengkat tuluy muru tempat nu dimaksud. Sabot rakana ka cai, Gajah Agung ngarsa hanaang tuluy nohtor dawegan. Geus kitu Lembu Agung nyampeurkeun, barang datang kahareupeun, Gajah Agung sujud subahat ngarumasakeun salah ngaleueut dewegan . Lembu Agung ngalahir, " Tadi ge ceuk kaula sampean nu kudu jeneng raja, ayeuna mah pinasti rayi jeneng raja kaula mangkon ratu. Ayeuna mah pedang kamkam geura candak pinagaraeun

Sumedang. Geura nandur waringin, geura ngadamel bedug, raka mah mangkon bae di luar pinagaraeun, cukup disambat bae".

Sanggeus kitu Gajah Agung lungsur ka Cipari, di dinya ganti ngaran Sunan Pagulingan, ari Lembu Agung lungsur ka nagara Tembong Agung deui. Sabda neep di Tembong Agung ngarasa tiiseun sarta suwung ku pibatureun perang. Lajeng ngalisan, "Jah lalakahan teuing ceuk ramana". Tuluy nyutat salah sahiji elmuna dipindahkeun ka widadari Pangbarep ditumbu nyipta palayeun pikeun nguji ucapan putrana lajeng nyiptakeun Lembu Andaka. "Yeuh pilayaneun hidep" saur Tajimalela ka putrana. "Ieu pilayaneun kaula ?" ceuk Lembu Andaka. Geus kitu dipariksa ku Lembu Agung, "Pamanggih ti mana ?" sorana gentem.

"Kaulati Sukapura" tembal Lembu Andaka

Teu tata pasisi deui, Lembu Agung nubruk Lembu Andaka tuluy galungan silih sered sineredan, silih banting ginantingan, lir munding rarakitan, silih dupak silih sepak, silih cabok silih bekok, silih gitik silih betrik. Lembu Agung ditutugan nanceb ka bumi ngan tembong indung sukuna, tuluy dicabut deui ku Lembu Andaka nepi ka ngalungsar bari lingsem panggalih. Nu matak aya Cikalingsem jeung palay nu matak aya Pamalayan jeung ngaranah kumaha sangkan jaya nu matak aya Sangkanjaya. Jeung mundut di wewengkon antara, nyebutkeun Alok Pangat katingaleun, tapi lain Alok Pangat nu katingaleun, tapi elmu leungit sahiji.

Ti dinya mah angkat neangan elmu kapanggih ti widadari Pangbarep tea di jamban tuluy widadari dicekel ku Tajimalela ngajerit, ceuk Tajimalela,"Ulah ngajerit sabab kaula kaleungitan elmu". Tajimalela ngala bogol cau pikeun sasarap tuluy dariuk sasarap bogol cau bari ngapalkeun elmu. Sanggeusna kacangking deui leber manahna untupan ngalawan musuhna, kualatan kitu aya wewengkon Maleber. Ti dinya Tajimalela nyampeurkeun musuh, Perbu Lembu Andaka nu ngelehkeun Lembu Agung bororaah

ngalawan, kakak ra disampeurkeun jol ngalumpuruk, tuluy ditubruk diseurdak ka kulon diruduk peang baralang karang sindulan, tuluy kager hanjuang datang Dajah Palembang. Katingali ku Perbu Agung disirep ngadeg bari ngukur-ngukur anjeunna ngadegkeun anu keur sare, meujeuh nyieun Lalakon semet dieu.

Ari Lembu Agung Andaka tetep di dinya di Gajah Palembang jadi purah pangawasa Dipati Ukur. Ari Tajimalela mulih deui ka nagara Tembong Agung bari nyandak jimat bisi umat kapareuman dapon ieu buktina. Siram sataun sakali bulan Muharam ping 14 mangsa caang bulan. Tuang tur ngadawuh (?) ka nu keur sare. Perbu Agung lungsur ka kaler bus ka Madinah. Saparantos lungsur nu ka Madinah nu sare tuluy garugah raraosana ngimpi. Ti dinya Perbu Lembu Andaka tuluy tetep di Gajah Palembang . Ari Tajimalela mulih deui ka nagara Tembong Agung.

Ti nagara Tembong Agung lungsur bus ka Karang Tanjung sareng ngaganti nama Batara Sakti. Geus kitu Batara Sakti kagungan putra disaurkeun Dalem Santapura. Saparantos kagungan putra datang paraji ngaran Kiansantang kang Lumajang mawa surat dina sabak ti Erum Babakan Arab dipiwarang ku ti Baitullah. Eta surat nu dina sabak di baca ku Kiansantang, "Batara Sakti ayeuna kudu selam sunat sarta ganti alam arwah, kudu ngawula di kawulakeun ku ratu, tutup umur kudu di kubur".

Saparantos ngupingkeun nu maca surat tuluy nyaur "moal kapalang kolot, hese barang tuang nyeri pupus. Ayeuna mah ieu bae anak nya eta Dalem Santapura". Geus kitu tuluy bae diselam sunat ku Kiansantang, ngadegkeun nagara di Cucuka di Kamenteng. Sanggeus ngadegkeun nagara Darmaraja tuluy ngadegkeun panyingkiran di ngaranan lembur Muhara Cihideung. Geus kitu Dalem Santapura kagungan putra nama Dalem Santadinata. Dalem Santadinata kagungan putra Dalem Mangunraga apuputra Dalem Jamanggala, kagungan putra Dalem Tanudipa. Dalem Tanudipa kagungan putra

nama Dalem Dipawangsa. Dalem Dipawangsa kagungan putra Dalem Sacamanggala. Sapat Dalem Santapura tepi ka Sacamanggala makam:na di pasarean Tanjungsari.

Dalem Sacamanggala kagungan putra nama Dalem Jamanggala makamna di pasarean Pasirlimus. Dalem Sacamanggala kagungan putra Raden Demang Patih Mangkupraja makamna di pasarean Tanjungsari. Raden Demang Patih Mangkupraja kagungan putra nama Raden Raksadipraja makamna di Sumedang. Raden Raksadipraja kagungan putra Raden Santadipraja mantra guru Sumedang makamna di Sumedang.

Terjamahan Babon Kadarmajaan

Ini adalah cerita masa lalu Darmaraja Sumedang, awal alam cahaya putih, cahaya hidup yang melahirkan tiga kali kelahiran di Gunung Nurmala yang disebut Gunung Sangkanjaya. Yang menjadi asal mula manusia. Pertama, cikal bakal Prabu agung; Kedua, cikal bakal Kangjeng Rasul; dan ketiga, cikal bakal Ratu Galuh. Ketiga orang tersebut saling mengaku dirinyalah yang paling tua.

Kata Prabu Agung saya yang paling tua, kata Kanjeng Rasul saya yang paling tua, kata Ratu galuh saya yang paling dulu ada. Karena tidak ada kata sepakat ketiganya berkata lagi. Karena tidak ada kata sepakat, sekarang kita bertiga sama-sama berjaga mengamati ke atas ke bawah.

Waktu berjaga malam, tidak diduga menemukan "sawen" kepunyaan Nur Putih Cahaya Hidup, kemudian yang bertiga berkata. Siapa yang "ucul" dari pada kita, pada saat itu terdengar suara yang tidak terlihat sosoknya. "Saya yang punya sawen", Yang bertiga berucap kita sudah tidak perlu meneruskan berjaga sebab berjaga menemukan sawen. Sekarang ini kita ganti saja. Yang bertiga merasa sanggup bertingkahlaku. Kata Kanjeng Rasul saya sanggup memegang hakikat. Kata Ratu Galuh saya sanggup menjalankan

sareat memenuhi alam serta meramaikan dunia. Kata Prabu Agung saya tidak kebagian perilaku, oleh sebab itu saya akan memegang hakikat dan sariat.

Yang memakai hakikat turun di Mekah, yang sanggup sareat turun di Gunung Penuh, yang memakai hakikat dan sareat turun di Talaga Ngembeng kumidian muncul di Cidamar. Sesudah itu, ada suara tak bersosok, "Jangan berlaku sareat. Yang berhakikat tidak jadi melahirkan hanya mencipta atap Ci dammar, dari Cidamar tenggelam lalu muncul di Kadungora tenggelam dan muncul di Jampangmanggung. Di Jampangmanggung tenggelam dan muncul di Kandangwesi mencipta atap Kandangwesi. Di Kandangwesi tenggelam dan muncul di Leuwilimus; dari Leuwilimus tenggelam dan muncul di Rajanarung, di Rajanarung tenggelam dan muncul di Ciledugakan melahirkan, tetapi malah meledak. Dari Ciledug tenggelam dan muncul di Gunung Merak mau melahirkan di Gunung Merak "dikerok-kerok" oleh merak sehingga tidak jadi melahirkan. Tenggelam di Gunung Merak dan muncul di Ganeas di tempat itu berkata "oleh karena "nea" mungkin melahirkan di sini". Dari situ tenggelam masuk ke terowongan, muncul jalarang berlari ke timur, waktu mau maju di sana berkata, "apa dan bagaimana yang menelantarkan kejayaan Suda" dari situ batarat mengikuti jejak jalarang ke Timur masuk ke Gunanung Lingga dari situ beristirahat sebentar.

Sesudah beristirahat sebentar, maju lagi mau melahirkan masuk ke Gunung Mandalaya Bakti, Dililit kain putus/robek kainnya. Sesudah melahirkan di Gunung Simpay turun ke Gordi terus mendirikan Negara Tembong Agung mengganti nama menjadi Prabu Tembong Agung. Sesudah itu melihat cahaya "indangsunalagena" kembaran di bangunan diambil menjadi miliknya "panutan sakembaran" dijuluki Lembu Agung dan Gajah Agung, dianjurkan harus menjadi raja, dan yang satu lagi harus menjadi ratu.

Kata gajah Agung, "Kakak k saja yang menjadi raja. Adik yang menjadi ratu", terus saling melempar di antara keduanya. Kata kakak knya, adik harus menjadi raja. Sesudah itu oleh ayahnya diundi, disuruh menunggu dawegan (buah kelapa muda) dan pedang kamkam di Gunung Nurmala yang disebut Gunung Sangkanjaya. Dawegan dan pedang kamkam ditungu oleh berdua. Sesudah itu kakak knya ingin mandi lalu berkata kepada adiknya, "Tunggu dawegan dan pedang kamkam, saya mau mandi dulu". Sambil berdiri dan terus pergi ke tempat yang dituju. Sesudah kakak knya ke air (ke tempat mandi), Gajah Agung merasa haus lalu meminum air dawegan. Sesudah itu Lembu agung mendekat, sesampainya di depan Gajah Agung bersujud merasa bersalah meminum air dawegan. Lembu Agung menegaskan "tadi kata saya juga anda harus jadi raja, sekarang adik pasti menjadi raja, saya menjadi ratu. Sekarang segera ambil pedang kamkam, bakal menjadi pusaka Negara Sumedang, segera tanam pohon beringin, segera buat bedug, kakak sih berada di luar Negara, cukup disebut saja.

Sesudah itu Gajah Agung turun ke Cipari, dari situ berganti nama, namanya menjadi Sunan Panggulingan, sedangkan Lembu Agung turun ke Negara Tembong Agung lagi. Sesudah sampai di Tembong Agung lagi merasa kesepian dan kehilangan teman berperang/mitra tanding. "Janganlah begitu kata ayahnya" Kemudian mengambil salah satu ilmunya dan dipindahkan ke bidadari Pangbarep untuk menguji ucapan anak laki-lakinya kemudian diciptakan Lembu Andaka. "Ini mitra tanding kamu" kata Tajimalela kepada anak laki-lakinya, "Ini mitra tanding saya" kata Lembu Andaka. Sesudah itu diperiksa oleh Lembu Agung. "Dapat dari mana" dengan suara keheranan.

"Saya dari Sukapura" balas Lembu Andaka

Tidak basa-basi lagi, Lembu Agung menabrak Lembu Andaka lalu bergulingan, berdekapan, bersikutan, saling membanting, ibarat

kerbau bertanding, saling senggol, saling tending, saling tampar, saling memberi kentut, saling menyerang, saling memukul. Lembu Agung dibenamkan ke tanah yang terlihat hanya jempol kakinya saja, lalu dicabut lagi oleh Lembu Andaka sampai terkapar berkunang-kunang penglihatannya. Makanya ada Cikalingsem dan Palay makanya ada Pamalayan yang berusaha bagaimana caranya agar berjaya makanya ada Sangkanjaya. Dan mengambil tempat di perbatasan, menyebutkan yang tertinggal tetapi bukan yang ketinggalan, tetapi ilmunya hilang satu.

Dari situ pergi mencari ilmu ketemu dari bidadari Pangbarep itu, di tempat mandi lalu bidadari dipegang oleh Tajimalela, ia menjerit, kata Tajimalela, "jangan menjerit, sebab saya kehilangan ilmu" Tajimalela mencari batang pisang untuk dimakan, lalu mereka duduk makan batang pisang sambil menghapalkan ilmu. Sesudah terkuasai lagi hatinya merasa percaya diri lagi untuk melawan musuhnya. Oleh sebab itu, ada daerah Maleber. Dari situ Tajimalela mendekati musuh, Prebu Lembu Andaka yang mengalahkan Lembu Agung, jangankan melawan, baru saja didekati muncul terkapar, lalu diterjang terlempar ke barat, dihantam kepalanya babak belur, lalu "kager hanjuang datang Palembang". Terlihat oleh Perbu Agung, dimantera berdiri sambil merenungkan diri sendiri, membangunkan yang lagi tertidur, cukup berbuat laku cerita sampai di sini.

Kalau Lembu Agung Andaka tetap di sana di gajah Palembang menjadi penguasa di Dipati Ukur. Sedangkan Tajimalela kembali lagi ke Negara Tembong Agung sambil membawa jimat seandainya nanti umat/rakyat kehilangan atau lupa "dapon" ini buktinya. Mandi setahun sekali pada bulan Muharam tanggal 14 waktu terang bulan. Makan lalu bercerita kepada orang yang sedang pada tidur. Perbu Agung turun ke utara masuk ke Madinah. Setelah turun ke Madinah yang pada tidur lalu bangun perasaannya mimpi.

Dari situ Perbu Lembu Andaka selanjutnya tetap di Gajah Palembang. Sedangkan Tajimalela kembali lagi ke Negara Tembong Agung.

Dari nagara Tembong Agung turun masuk ke Karang Tanjung dan mengganti nama menjadi Batara Sakti. Sesudah itu Batara Sakti mempunyai anak laki-laki yang dipanggil Dalem Santapura. Sesudah mempunyai anak laki-laki datang dukun beranak bernama Kiansantang dari Lumajang membawa surat yang disimpan di sabak dari Erum Babakan Arab disuruh oleh yang di Baitullah. Itu surat yang di sabak dibaca oleh Kiansantang, "Batara Sakti sekarang harus berpindah kea lam arwah, harus berbakti, berbakti ke ratu, tutup usia harus dikuburkan.

Sesudah mendengarkan yang membaca surat lalu menjawab "tidak akan terlanjur tua, susah makan, sakit, lalu meninggal. Sekarang, ini anak saya, yaitu Dalem Santapura". Sesudah itu lalu di-Islamkan dengan dikhitan oleh Kiansantang, mendirikan Negara di Cucuka di Kamenteng. Sesudah mendirikan negaraDarmaraja lalu mendirikan "Panyingkiran" diberi nama Kampung Muhara Cihideung. Sesudah itu Dalem Santapura mempunyai putra bernama Dalem Santadinata. Dalem Santadinata mempunyai putra bernama Dalem Mangunraja, Dalem Mangunraja mempunyai putra Dalem Jamanggala, kemudian Dalem Jamanggala mempunyai putra Dalem Tanudipa. Dalem tanudipa mempunyai anak laki-laki bernama Dalem Dipawangsa. Dalem Dipawangsa mempunyai putra Dalem Sacamanggala. Dari Dalem Santapura sampai Dalem Sacamanggala makamnya di Pemakaman Tanjungsari.

Dalem Sancamanggala mempunyai putra namanya dalem Jamanggala makamnya di pemakaman Pasirlimus. Dalem Sancamanggala mempunyai putra raden Raden Demang patih Mangkupraja makamnya di Pemakaman Tanjungsari. Raden Demang Patih Mangkupraja mempunyai putra bernama Raden Santadipraja "manta" Guru Sumedang makamnya di Sumedang.

Ki Wangsa, (54)
Desa Cipaku, Kecamatan Darmaraja
Sunda, Indonesia

7) Sumedang Larang

Terahing raja medal ka dunya dipapag caang bulannarawangan mega taya aling-aling ditaretes bentang baranang,manjangkeun galura kabagjaan para pangagung Tembong Agung. Buah panglamunan Adji Putih ngajanggelek jadi satria pinandita, dedeg sampe rupa hade, binekas leber jajaten payus nuluykeuntapak lacak ramana.

Dina hiji mangsa Bratakusumah diparentah ku ramamanguron ka Resi Sakti nu netep di tutugan gunung Cakrabuana.Sanggeus jadi murid Resi Sakti diwirid elmu lahir jeung elmubatin. Tuluy ngawariskeun elmu tawajuh. gunung pikeunnyampurnakeun kakuatan elmuna. Bratakusumah ninggalkeunpatapaan ngajugjug gunung-gunung nu dimaksud, taya liargunung Mandalasakti, Simpay, Sangkanjaya, Penuh, jeunggunung Lingga. Sanggeus ngalaksanakeun parentah gurunamulang ka karaton Tembong Agung.

Dina mangsa caang bulan Bratakusumah diistrenan jadipamangku karajaan Tembong Agung gegelar Prabu.Tadjimalela.Sabada Jeneng nata nikah ka.Dewi Mayakasih atawa nu sok disebut Gandrungnia, (putri Nyi Ranggawulung terah raja Sunda) ngalahirkeun Jayabrata (Lembu Agung/Peteng Adji), Atmabrata(Gajah Agung), jeung Mariyajaya (Sunan Ulun).

Dedeg tanjer jaya perang di buana pancatengah, ulun santri demang braja Prabu Tadjimalela nu murba di darmaraja. Kalimat etanatrat dina elmu Kadarmarajaan misilna mertelakeun PrabuTadjimalela gagah Sakti mandaraguna mangulang-mangguling,ngawasa elmu perang geus mawa kana kajayaan nagara, rajadipiajrih netepna di Darmaraja, ngalandi

karajaan ditelahkeunSumedang Larang. Asal tina kecap ingsun medangan. Ingsun =kaula, medang = caang padang narawangan. Hartina kaulanyaangan.

Pangna nyebutkeun ingsun medangan lantaran nalikanyepen di gunung Lingga ninggal cahaya gumulung lir ibaratulekan, muih di luhureun gunung dumadakan ngebrak caang,disaksian ku pangawalna Darmawisesa jeung Kuntawisesa tuluyngalisan "Ingsun medangan larang tapa". Hartina kaula nempocahaya nyorot patapaan watekna ngebrak caang.Tandaning "kaula kudu nyaangan". Nu disebut Larang nyaeta tempat langkadisaba ku manusa atawa kabuyutan diuger ku pahingan.

Aya nu nyebutkeun, dina awal pamarentahannana PrabuTadjimaela muka palabuhan pameuntasan Cimanuk di daerah Lebaksiuh. Sumber sejen mertelakeun Prabu Tadjimalela sajaman jeung Ciungwanara atawa raja Galuh Karangkamulyan (Kawah).Umurna sawawa jeung kungsi babarengan waktu Ciungwanaradiasuh ku Ariya Bimaraksa waktu netep di bagala Asih Panyipuhan. Samehmeh Ciungwanara jeneng nata nyekel tampuh karajaan Karangkamulyan (Kawali) ngagulingkeun kakak wasaanPrabu Tamperan Brawijaya, didukung pasukan Prabu Tadjimalelajeung pasukan Limbangan.

Dina taun 778 Masehi lengser kaprabon, kakak wasaandiserenkeun ka putrana Jayabrata gegelar Prabu Lembu Agung(778-839 M). Prabu Tadjimalela ngaresi, dina ngalaksanakeunpancen karesiannana nyebarkeun agama ka saban tempat, tuluy nyampurnakeun elmuna di gunung Lingga. Ceuk sakaol anjeuna ngahyang sarta warugana lebeng teu kapaluruh Kuntawisesa merenahkeun batu (menhir) dina patilasan ngahyang tandana pangeling-eling kana kajadian aheng. Nepi - ka ayeuna gunung Lingga pada ngadeugdeug ku jalma nu ngahaja ngadon.ngado'a atawa nyepen. Rea nu nyebutkeun Prabu

Tadjimalela resi pinuji , arif bijaksana. Nalika ngaresi nyiptakeun elmu kasumedangan (tasasawuf) jeung putika kasumedangan atawa atika tatakrama urang Sumedang.Prabu Lembu Agung lengser kaprabon, nyerenkeun kawasan ka Prabu Gajah Agung(839-998M). Dina awal pamarentahannana mindahkeun karaton ka wewengkon Ciguling Pasanggrahan.

Terjemahan : Sumedanglarang

Raja turun ke dunia disambut terang bulan yang terang benderang, langit tiada berawan dihiasi bintang kejora. Memberikan kebahagiaan bagi para pembesar Tembong Agung. Hasil impian Adji Putih meneguhkan diri menjadi satria pinandita, berpostur dan rupa kesatria meneruskan jejak langkah ayahnya.

Pada suatu masa Bratakusumah diperintah oleh ayahnya berguru ke Resi Sakti yang tinggal di Lembah Gunung Cakrabuana. Sesudah menjadi murid Resi sakti berzikir ilmu lahir dan batin. Kemudian mewariskan ilmu "Tawajuh Gunung" untuk menyempurnakan kekuatan ilmunya. Bratakusumah meninggalkan pertapaan lalu mengunjungi gunung-gunung yang menjadi tujuannya, tiada lain Gunung Mandalasakti, Gunung Simpay, Gunung Sangkanjaya, Gunung Penuh, dan Gunung Lingga. Sesudah melaksanakan perintah gurunya, ia pulang ke Keraton Tembong Agung.

Pada waktu terang bulan Bratakusumah diangkat menjadi pemangku Kerajaan Tembong Agung bergelar Prabu Tadjimalela. Sesudah berkuasa ia menikahi Dewi Mayakasih atau disebut pula Gandrungnia (putri Nyi Ranggawulung keturunan Raja Sunda). Melahirkan Jayabrata (Lembu Agung Peteng Aji), Atmabrata (Gajah Agung) dan Marijaya (Sunan Ulun).

Berpostur gagah perkasa dalam kancah perang di muka bumi, Ulun adalah murid Demang Braja Prabu Tajimalela yang tinggal di

Darmaraja. Kalimat itu tercatat dalam ilmu Kadarmarajaan yang menjelaskan Prabu Tadjimalela seorang yang gagah sakti mandraguna malang melintang menguasai ilmu perang yang sudah membawa kejayaan bagi Negara, Raja yang disegani itu menetap di Darmaraja, karena itu kerajaannya disebut Sumedang Larang. Asalnya dari kata Insun Medangan. Insun artinya saya, medangan artinya terang. Insun medangan artinya saya yang menerangi.

Sebabnya menyebutkan saya menerangi dikarenakan sewaktu bertapa di Gunung Lingga melihat gelombang cahaya ibarat "pusaran air", berputar-putar di atas gunung sehingga menjadi terang benderang, disaksikan oleh pengawalnya Darmawisesa dan Kuntawisesa lalu berujar "Insun medangan larang tapa" artinya, saya melihat cahaya menyinari pertapaan, sifat cahaya itu terang sekali. Itu pertanda "saya harus menerangi". Yang disebut dengan larang adalah tempat yang jarang dikunjungi manusia atau mandala/kabuyutan.

Ada yang menyebutkan di awal masa pemerintahannya Prabu Tadjimalela membuka Pelabuhan penyebrangan Cimanuk di daerah Lebaksiuh. Sumber lain menceritakan Prabu Tadjimalela sezaman dengan Ciung Wanara atau raja Galuh Karangkamulyan (Kawah). Seusia dan pernah bersama-sama waktu Ciung Wanara diasuh oleh Aria Bimaraksa sewaktu tinggal di Bagala Asih Panyipuhan. Sebelum Ciung Wanara memegang tampuk kekuasaan Kerajaan Karangkamulyan (Kawali) menggulingkan kekuasaan Prabu tamparan Brawijaya didukung oleh pasukan Prabu Tadjimalela dan pasukan Limbangan.

Pada tahun 778 M turun dari kekuasaan, kekuasaannya diserahkan kepada putranya Jayabrata bergelar Prabu Lembu Agung (778 – 839). Prabu Tadjimalela menjadi resi, dalam melaksanakan misi keresiannya ia menyebarkan agama ke setiap daerah, lalu menyempurnakan ilmunya di Gunung Lingga. Katanya ia "ngahiyang" (menghilang) Jasadnya menghilang dan di tempat ia

ngahiyang muncul batu menhir. Di petilasan ngahiyang sebagai tanda pengingat atas kejadian yang besar. Sampai sekarang Gunung Lingga menjadi tempat kunjungan bagi orang-orang yang ingin bertapa dan berdoa. Banyak yang menyebutkan Prabu Tadjimalela adalah resi unggulan , arif dan bijaksana. Sewaktu menjadi resi menciptakan ilmu kasumedangan (tasawuf) dan putika kasumedangan atau tata karma urang Sumedang. Prabu Lembu Agung turun dari kerajaan, menyerahkan kekuasaannya ke pada Prabu Gajah agung (839 – 998 M). Di awal masa pemerintahannya memindahkan keratin ke wilayah Ciguling Pasanggrahan.

Ki Wangsa, (54)
Desa Cipaku, Kecamatan Darmaraja
Sunda, Indonesia

8) Wangunan Karajaan Tembong Agung

Adji Putih ngahijikeun padusunan-padusunan di daerah lemahsagandu tur sabudeureunana.

Dina mangsa purnama bulan Muharam Taun Saka, Adji Putih ngadegkeun Karajaan Tembong Agung. pernahna di wewengkon Muhara Leuwihideung, teu pati jauh ti walungan Cimanuk jeung Cihonje.

Wangunan karatonmodel hateup injuk, model suhunan julang ngapak, bahan-bahanna sarwa kai nyanghareupan alun-alun Mayadatar.

Sabada ngadegkeun karajaan ngawangun padepokan pernahna diwewengkon Lemah Sagandu ditelahkeun Bagala Asih Panyipuhan. Bagala hartina tempat, Asih hartina silih asah, silih asuh, jeung sasama. Panyipuhan hartina ngaherangan tegesna ngaberesihan batin tina rupaning kekebul dosa. Pakarangan karaton Tembong Agung dikurilingan pagerkai, gedengeunana Bale Agung jeung Bale Alit nyaeta tempaturun rempug para

patinggi karajaan jeung tempat cicingnakulawarga raja.

Sabada diistrenan Adji Putih nyepeng kaprabon.Adji Putih nikah ka Ratna Inten Nawang Wulan gegelar RonggengSadunya,nyaeta putri Jagatjayama terah Galuh Sunda. Atawaincuna Demunawan (Kuningan) ti garwa Saribanon Kencana. Prabu Guru Adji Putih apuputra Bratakusumah (Tadjimalela), Sokawayana, Harisdarma, jeung Langlangbuana.

Ngangkat para patinggi karajaan dumasar kana garis katurunan atawa kulawarna. Astajiwa (adina) diangkat jadi Patih Tembong Agung, Darmakusumah diangkat jadi ahli hukum kanagaraan, sedengkeun Siti Putih jeung Sekar Kencana jadi pangais para emban di kaputren. Nu jadi pangdeudeul konsep kanagaraan aya lima perkara disebut panca prabakti abdi nagara.

Hartina nu jadi poko utama ngabdi ka nagara aya lima perkara,.Diebrehkeun dina carita-carita lisan nu turun-tumurun. Nudisebut lima perkara nyaeta Pancer, Tanjer, Uger, Jejer, jeung lilinger. Pancer hartina panceg pamadegan. Tanjersasmita leber wawanen atawa gede kawani mgabelaan nagarakatut rahayatna. Ugerperlambangna pakeman atawa padoman wujud. tina pirang-pirang aturan. Para Pangagung(biriokrat) dina ngajalankeun pamarentahanana kudu taat kana aturan Gusti, aturan agama, aturan nagara, aturan hukum, jeung aturan tradisi. Jejer simbulnajajaran pamarentahan, ceuk bahasa ayeuna mahmanagement Pamarintahan nu ngawengkuSkil, jeungsistem. Dina nempatkeunpara patinggi karajaan sanajan dumasar kana turunan atawakulawarga tapi diluyukeun jeung kaahlian sewang-sewangan.Lilinger nyaeta udagan pamarentahan.

Tatacaranyerenkeun tahta karajaan dumasar kana ugeran taya lianumurna, paling handap 22 taun. Cara-

cara nguji bakat jeungkamampuan calon raja ngaliwatan cara-cara spiritual salah sahijialat pikeun nempa mentalna, sakumaha digambarkeun dina carita-carita lisan nu tumuwuh di wewengkon Darmaraja sabudeureunnana. Lantaran Darmaraja baheula mah lega ti wetanna gunung Jagat, ti Kulonna Gunung Lingga, di Kalerna gunung Mandalaksakti, sakalereunnana gunung Pareugreug. Wewengkon kasebut mangrupa sumber energi mistik alam semesta nu ngarangkum peta kasuburan bumi Tembong Agung, nyaeta Tembong hartina katenggang, Agung nyaeta adi luhung.

Terjemahan : Wangunan Karajaan Tembong Agung

Aji Putih menyatukan pedusunan di wilayah Lemah Sagandu dan sekitarnya. Pada bulan Muharam Taun Saka saat purnama ia mendirikan Kerajaan Tembong Agung yang terletak di Muhara Leuwihideung tidak jauh dari Sungai Cimanuk dan Cihonje. Bentuk bangunan keratin beatap julang ngapak dengan bahan-bahannya serba bamboo dan menghadap alun-alun Mayadatar.

Setelah mendirikan kerajaan (ia) membangun padepokan di dilayah Lemah Sagandu dan dikenal dengan *Bagala Asih Panyipuhan*.Bagala artinyaa tempat, Asih berarti silih asah, silih asuh, dengan sesama. Panyipuhan berarti "melapis" atau mencelup sesuatu hingga bersinar. Tegasnya membersihkan batin dari berbagai debu dosa.

.Halaman keraton Tembong Agung dikelilingi pagar kayu. Di sampingnya terdapat Bale Agung dan Bale Alit yaitu tempaturun rembug para petinggi kerajaan dan tempat tinggalkeluarga raja.

Sesudah dinobatkan, Aji Putih menikahi Ratna Inten Nawang Wulan bergelar RonggengSadunya yaitu putri Jagatjayama terah Galuh Sunda atau cucu Demunawan (Kuningan) dari isteri

Saribanon Kencana. Prabu Guru Adji Putih berputera Bratakusumah (Tadjimalela), Sokawayana, Harisdarma, dan Langlangbuana.

(Aji Putih) mengangkat para petinggi kerajaan berdasarkan garis katurunan atau keluarga. Astajiwa (adiknya) diangkat jadi Patih Tembong Agung, Darmakusumah diangkat jadi ahli hukum kenegaraan, sedangkeun Siti Putih dan Sekar Kencana jadi pangasuh para emban di kaputren. Yang menjadi dasar kenegaraan ada lima hal dan disebut *panca prabakti abdi nagara*. Yaitu *Pancer, Tanjer, Uger, Jejer*, dan*lilinger*.

Pancer artinya teguh pendirian. *Tanjer* perlambang keberanian membela negara dan rakyatnya. *Uger*perlambang pakeman atau padoman wujud dari berbagai aturan. Para birokrat dalam menjalankan pemerintahan harus taat pada aturan Gusti, aturan agama, aturan nagara, aturan hukum, dan aturan tradisi. *Jejer* simbuljajaran pemerintahan. Dalam menempatkan para patinggi kerajaan disesuaikan dengan keahlian masing-masing. *Lilinger* adalah tujuan pemerintahan.

Tatacara serah terima tahta kerajaan didasarkan pada aturan usia minimal 22 taun. Pengujian bakat dan kemampuan calon raja melalui cara-cara spiritual untuk menempa mentalnya. Sebagaimana digambarkan dalam cerita lisan yang tumbuh di sekitar Darmaaja. Oleh karena, Darmaraja dahulu arealnya sangat luas dari Timur Gunung Jagat, dari Barat Gunung Lingga, dari Utara Gunung Mandalasakti dan sebelah utaranya Gunung Pareugreug. Wilayah tersebut merupakan sumber energi mistik alam semesta yang meliputi petakasuburan bumi Tembong Agung, yaitu *Tembong* artinya terlihat, *Agung* yaitu adi luhung.

Ki Wangsa, (54)
Desa Cipaku, Kecamatan Darmaraja
Sunda, Indonesia

9) Resi Patangjala Seda

Nonoman dedeg sampe rupa hade, terah pangagung Galuh ti leuleutik ngancik di Patapaan sagawe-gawe ngabantu guruna. Karesepna ngala lauk jeung teuleum kulatan kitu nelah Patangdjala Seda. Patang hartina walungan, jala paragi ngala lauk, seda hartina sedong. Sanajan pinter jeung singer keur dirina ngarasa teu kataji hirup di karaton kawantu kasurung karesep mapay-mapay walungan. Salian kitu boga hirup mandiri sangkan teu ngagnteungkeun hirup ka kolotna sumawona menta pangkat ka pangagung kawas dulur-dulurna, keur inyana mah taya karep kitu, estuning tumarina kana kayaan lantaran rada dibedakeun ku ramana. Kualatan kitu estu taat kana parentah guruna, luyu pisan jeung ajaran ti guruna.

Hormat ka guru dibuktikeun ku ucap paripolah jeung gawe nyata matak pikaresepeun guruna. Ku sabab kitu, guruna teu owel ngawariskeun elmu pangaweruh, malah remen pisan dititah tapa di tempat geueuman cara pikeun ngasah pikiran, rasa, jeung ingetan sangkan gampang ngawasa aji mantra parasaan, sarta sangkan teu gampang poho. Sasatna pangaweuh watekna nyurung kapinteran kalayan mageuhan kapribadiannana.

Dina hiji mangsa, nonoman dedeg sampe rupa hade beda tisasari, gawena huleng jentul semu nu ngemu kabingung nyeupah kasusah. Resi Galunggung surti kana sikep muridna, tuluy nyaur," Patangdajala Seda, ditilik saban janari, disawang saban beurang, bet beda tisasari. Lamun aya kasusah, kasusah naon, pok balaka ulah didingding kelir didindang siloka sampir dadarkeun sajentrena sangkan kaharti." Basana tatag. Patangdjala Seda teu ngawaro, kalah ngahuleng semu nu bingung ngajawab. Pikirna teu wasa

guruna milu cape mikiran kaayaan dirina. Tapi awahing didesek mah teu wudu Patangdjala bakala, sasatna katarik birahi kapentang asmara cinta ku mojang lenyang sapaguron geulisna kawanti-wanti endahna kabita-bina matak uruy ningalina.

Resi Guru, ngalahir pokna," Asmarandana lir ibarat ruhak, lamun dirampa karasana panas. Asmarandana ibarat lautan. Disawang ti kaanggangan matak kebek ku kaendahan, tapi sanggeus dideudeutan ombak ngagulung matak neuleumkeun parahu layear". Patangdjala Seda ngahuleng ngaleleban pitutur guruna. Sanggeus guruna surti kana kahayang muridna, Patangdjala Seda dijodokeun ka mojang geulis terahing resi lantaran pada-pada ngaitkeun kaasih nyampaykeun subaya cinta.

Beurang kaganti ku peuting, peuting kaganti ku beurang, welasan taun ti harita garwana can aya tanda-tanda ngandung sedengkeun arinyana geus teu sabar haying boga turunan. Sabab anak sasatna jimat parepeh hirup cikal bakal nuluykeun tapak laca nu jadi bapa. Pikeun g patangdjala Seda jeung garwana bati ukur buah lamunan, nu can karuhan buktina. Guruna surti kana kayaaan muridna, tuluy nimbalan parentah kudu tapa sisi walungan enggoning meredih pituduh dewa.

Patangdjala Seda jeung garwana tuhu kana parentah guruna, tapa di sisi walungan kaitung likuran poe. Waktu keur tapa ngadenge sora gaib handaruan pona," Patangdjala Seda, lamun anjeun hayang boga turunan, teangan lele bule, mun geus manggih pais tuluy bikeun ka garwa hidep sina ditambulan. Sakitu pituduh ti kula". Les sora ngiles, Patangdjala Seda ngahuleng ngaleleban pituduh gaib. Tuluy ditepikeun ka garwana. Sanggeus sapuk jeung garwana tuluy badarat apruk-aprukan neangan lele bule ka unggal walungan. Tapi kaitung mang bulan-bulan teu manggih lele bule, tungtungna pada bingung.

Dina kaayaaan keur bingung ngadenge seahna walungan, gasik maluruh datangna sora tuluy mapay-mapay walungan ka hilirkeun tapi lele bule lebeng teu kapanggih, antukna kateuhak ku rasa kacape, reureuh di di muhara walungan Cipaku. Jorojoy kabita ku pihumaeun, semu nu wegah ninggalkeun. Tuluy nyaung-nyaung didinya, sapopoena melak pare, beubeutian jeung lalab-lalaban. Pacabakan sapopoe saeutikna mohokeun kahayang garwana, kalayan teu karasa buukna mimiti huisan tandana ngagayuh kakolot.

Dina hiji poe, langit angkeub leubeut ku pihujaneun, angin ngagelebug, kilat tingbarasat dibarung ku sora gelap pateran, ditungtungan hujan ngagebret kawas cai dicicikeun ti langit. Solokan jeung walungan nu aya didinya marudal, taneuh sing gulusur kabawa cileungcang palid ka walungan. Sanggeus hujan raat Patangdjala Seda lunta kasisi cai rek ngocorkeun solokan nu nampeu ka Cimanuk. Lele bule nyoloyong ka sisi kawas nu mabuk, gentak ditewak tuluy buru-buru ka saungna bari ngiwing-ngiwing lele bule. Garwana bungah kacida lantaran geus puluhan likur taun neagan lele bule kakara kapanggih harita. Tuluy dipais sanggeus asap ditambulan ku garwana.

Sakitu poe ti harita, garwana ngandeg, Patangdjala Seda kacida bungahna, komo deui sanggeusna bayi nincak kana bulan alaeun. Tapi rada hariwang lantaran geus salapan bulan garwana can ngalahirkeun, sanggeus nincak dua belas bulan garwana ngalhirkeun orok lalaki. Drorok, dias diampih, diaping, diatik leubeut ku ranggeuyan kanyaaah, ngajanggelek jadi nonoman dedeg sampe rupa hade, pinter, singer wastana Guruminda, teu hamham ngawariskeun kasakten lantaran ucap lampahna taya cawadeun.

Guruminda ngarasa kesel ngancik di padusunan, jorojoy boga tekad ngabdikeun diri ka Nagri Galuh. Patangdjala Seda ngijinan lantaran ngabdi lain ka deungeun-deungeun sabab jeung pangagung Galuh sagetih saturunan. Sanggeus diijinan Guruminda

ninggalkeun padusunan ngajugjug karaton Galuh. Dibageakeun ku pangagung tuluy diperenahkeun. Teu sangka Purbasari putri Prabu Ciungwanara kagembang ku nu gandang, tuluy dijodokeun ku ramana. Sanggeus jatukrami Guruminda diistrenan jadi amangku Karajaaan Galuh ngaganti mitohana.

Dina kayaaan kitu Patangdjala Seda jeung garwana kacida bungahna, tapi teu nedunan pangangkir Prabu Guruminda, sabab ngaresi netep di Punclak Damar gegelar Resi Palita atawa sok disebut Eyang Palita (damar panyaang) atawa Eyang Palika (ahli ngala lauk).

Terjemahan Resi Patangdjala Seda

Murid Resi Galunggung ini, lahir dari kalangan keluarga raja, namun sejak kecil tidak pernah menikmati kemegahan, seakan-akan terasing dari gemerlapnya keraton. Anak laki-laki berparas tampan ini, lebih suka tinggal di gunung dan mengembara dari sungai ke sungai, sekedar mencari ikan.

Selain memiliki keahlian itu, Ia memiliki daya nalar yang tinggi.Tetapi nasibnya sangat berbeda dengan saudara-saudaranaya karena kurang mendapat perhatian dari ayahnya. Oleh arena itu memilih hidup bersama gurunya. Disanalah Patangdjala Seda mendapat tempaan mental membuat dirinya enggan hidup mengantungkan diri kepada kejayaan orang lain, lebih suka hidup mandiri. Sikap itulah sesuai dengan ilmu yang diajarkankan gurunya,sehingga tidak sulit mengenal dirinya. Ia sangat taat kepada Guru, karena guru adalah tempat berguru itu sebabnya ia selalu hormat kepada gurunya. Segala perintah dan naehatnya selalu dilaksanakan dengan nyata. Sang Gurupun tak segan-segan memberi ilmu kesaktian padanya. Selain itu Sering kali disuruh bertapa di tempat angker, suatu cara tersebut menempa mental muridnya, agar

tajam pikiran, tajam perasaan, dan kuat ingatanya sehingga mudah merekam segala sesuatu yang tuturkan oleh gurunya. Pengetahuan yang dikuasainya terekam utuh dalam ingatannya. Pengetahuan itulah telah membangun wataknya mejadi sosok pemuda yang cerdas dan memiliki keperibadian yang kuat.

Namun Gurunya merasa heran, karena Patangdjala Seda banyak mengurung diri dan merenung, membuat hatinya bertanya-tanya. " Patangdjala Seda, jangan menyembunyikan perasaan. Sebaiknya berterus terang". Patangdjala Seda hanya terdiam, pikirnya tidak mau gurunya hanyut dalam kepentingan pribadinya, maka gurunya berkali-kali mendesak, akhirnya Patangdjala Seda berterus terang bahwa dirinya sedang jatuh cinta kepada gadis cantik rupawan teman seperguruan. Resi memahamai perasaan muridnya, kemudian berkata, " Cinta ibarat api dalam sekam, makala diraba terasa panas. Dan cinta itu ibarat lautan, dipandang dari jauh nikmat dilihat dan indah dipandang mata. Tetapi setelah didekati banyak ombak dan badai yang bisa menenggelamkan kapal". Patangdjala Seda terdiam merenungi pembiacaraan gurunya. Beberapa hari kemudian Patangdjala Seda dinikahkan dengan gadis cantik yang didasari perasaan cinta dan kasih sayang dari lubuk hati yang paling dalam.

Perjalanan waktu terus melaju, musim berganti dan alampun berpindah. Terhitung belasan tahun mendaki bahtera rumah tangga, namun istrinnya belum memperlihatkan tanda-tanda kehamilan. Padahal sudah lama menantikan kelahiran sang Bayi. Baginya anak adalah pintu gerbang generasi yang akan melanjutkan perjuangan orang tua. Tetapi bagi pasangan suami istri itu hanyalah impian yang entah kapan menjadi kenyataan. Sang Guru peka menyimak sikap muridnya bersedih, lalu menyuruh Patang Djala Seda dan istrinya bertapa di tepi sungai, untuk memohon petunjuk dari Sanghyang Widhi. Patang Djala Seda bersama istrinya pergi ke tepi sungai, disanalah bertapa. Renungan batinnya menyentuh dimensi alam gaib,

tiba-tiba terdengar suara tanpa wujud. " Seandainya engkau ingin memiliki keturunan, carilah lele bule, kalau sudah dapat, lele bule iitu pepes, berikan makanlah oleh sitrimu," Tiba-tiba suara menghilang. Beberapa saaat Patangdjala Seda tertegun merenungi petunjuk gaib. Kemudian diutarakan kepada istrinya. Setelah itu pergi menyusuri sungai mencari lele bule sungai-sungai, seakan-akan tak mempedulikan rasa capa dan letih. Sekian sungai dijelejahi namun belum dapat juga membuat istrinya kecewa.

Tibalah di tepian sungai Cimanuk yang membujur dari selatan ke utara. Disanalah Patang Djala Seda dan istrinya beristiarahat. Di sekitar itu terdapat padang rumput, dan hamparan padi yang sedang menguning. Kesuburan dan keindahan alam disana, seolah-olah menguburkan keletihan dan kesedihan. Patang Djala Seda berkata kepada istrinya, " Aku tertarik olehpadi yang tumbuh di sawah kering. Kemudian mendirikan gubuk sebagai tempat berlindung dan tempat tersebut oleh Patang Djala Seda diberi nama *Cisema.*

Pada suatu hari, awan mendung, kilat bersahutan disertai suara petir menggelegar-gelegar, hujanpun turun deras. Sungai-sungai dan perigi yang menjulur diketeduhan pohon-pohon meluap menggenang pesawahan. Keesokan harinya, Patang Djala Seda dengan muridnya pergi ke sungai, karena sungai-sungai tertutup sampah. Terkejut melihat lele bule bergerak-gerak di pinggir sungai, buru-buru diambiln dan dibawa pulang, disambut oleh istrinya dengan senang hati., karena sudajh berpuluh-puluh tahun mencari lele bule baru didapatkan. Lelel bule dipepes dipepes, kemudian dimakan oleh wanita tua demikian nikmatnya.

Beberapa hari kemudian, wanita tua itu mual-mual, sekali-kali muntah pertanda mengidam., membuat Patang Djala Seda bahagia, lagi pula janin dalam rahim ibunya makin membesar. Sampailah pada usia sembilan bulan, hanya tinggal menunggu detik-detik melahirkan. Namun belum juga bayi lahir, membuat wanita tua

resah dan gelisah. Di penghujung usia dua belas bulan, pada saat bulan gelap, ia merasakan sakit dibagian perutnya, pertanda akan melahirkan, rintihan sakit memecah keheningan malam, lahirlah bayi lalaki disambut suara angin menderu-deru, disertai suara gelap menggelegar-gelegar.

Kelahiran bayi laki-laki membuat pasangan suami itu bahagia, karena Impian yang sudah lama diidam-idamkan menjadi kenyataan. Bayi titisan dewata itu, diurus dengan penuh rasa kasih sayang, menjelmalah menjadi pemuda tampan dan cerdas dikenal Guruminda.

Patangdjala Seda meiwirid ilmu lahir dan ilmu batin, juga diperkenalkan kepada pengetahuan sejarah agar mengetahui, memahami, menghayati, dan mencontoh keteladanan leluhurnya. karena itu Guruminda meminta ijin kepada ayah dan ibunya untuk mengadikan ilmunya kepada Kerajaan Galuh.

Setelah diijinkan Guruminda pergi meninggalkan gubuknya menuju istana Galuh disambut baik oleh para pengagung, kemudian beri pekerjaan sesuai dengan keahliannya. Tak mengira Purbasari tiba-tiba jatuh cinta, kemudian Prabu Ciungwanara menikahkan Purbasari dengan Guruminda. Setelah itu diangkat menjadi Pemangku Kerajaaan Galuh menggantikan mertunya.

Kejadi itu sungguh-sungguh membahagiaan Patangdjala Seda dan istrinya. Maraca diundang oleh Prabu Guruminda agar tinggal di istata Galuh, namun tidak dipenuhinya karena Patangdjala Seda menjadi Resi, menetap di Punclak Damar Cisema, bergelar Eyang Pelita (lampu penerang) atau Eyang Palika (ahli menyelam).

Wahidin (57)
Mantan Penilik Kebudayaan
Desa Pawenangan, Kecamatan Jatinunggal
Sunda, Indonesia

10) Permunggu (Luluhur) Pawenang

Aya hiji ujaring carios upami –istilahna- urang Pawenang hususna, nyaba ka daerah Jawa upama kaleresan –istilahna- ditaros; sok kieu narosna teh "Pa ti mana kawit ? " "Ti Sumedang". "Sumedangna ti mana?" "Ti Pawenang". "Cik upami Bapa leres-leres urang Pawenang, sabaraha hiji simpayna bedugna Pawenang ? Sabaraha hiji paseukna bedug Pawenang?"

Ari ceuk sakaol mah Pa, nya upami urang leres asli urang Sumedang kalawan asal ti Pawenang kedah tiasa nerangkeun simpayna bedug Pawenang sareng paseukna bedug Pawenang. Nya saur sepuh, bilih anjeun ka payun aya patarosan anu sapertos kitu atawa urang dikersakeun nyaba ka urang Jawa; tah piwalereunana kieu. Anu disebat simpayna urang Pawenang teh aya 9 paseukna aya 5. Anu 9 nyaeta 1) Paneguh, 2) Mogana, 3) Cengkok, 4) Putrapadra, 5) Ciarog (?), 6) Cigangsa, 7) Gagaksangkur, 8) Urang Gintung, 9) Mbah Puguh ti Pawenang.



Dok. BPNB-Bandung
Foto 16 : Bedug di Pawenang

Tah anu disebutna paseuk 5 (lima): Cianting, Cijati, Cisurat, Cikareo, Cibodas. Ngan saur simpayna urang anu salapan teh ceuk Paneguh-saurna- "Cik -saha urang anu ... geura teguh saha urang anu bogana" saur Paneguh ka Mogana. Ceuk Mogana ka Cengkok "Ulah ngijing sila bengkok sinembah. Sing panceg lamun urang boga tujuan. Sing lulus ulah tepikeun ka undur kalinduan gedag kaanginan. Jadi, ulah aya istilahna ngijing sila bengkok sembah." Saur Cengkok,"Sing puguh urang roroganana." "Sing waspada" saur Putrapadra sabab – istilahna- jelema teh masih panjang lalakon. Matak lamun urang dina hirup –istilahna- ulah ngijing sila bengkok sinembah. Sing waspada engke urang pasti puguh roroganana.

Saur Ciarog ka Cigangsa. Ari "gang" teh jalan; ari "sa" teh sareat. Geura teangan jalana sareat. Lamun hoyonh kapanggihna jalan sareat urang kedah daek banting tulang saur Tulanggintung kana singkur. Saur Gagaksangkur "engke ka pendak wewenangna. Weweningna. Sihoreng jalmi kumelendang di alam dunya teh ngagaduhan naon ? nya naon nu dipake urang adigung. Sabab sagala rupa ge urang kagungan anu maha kawasa. Kitu nya dina urang – istilahna- simpayna eta uraian.

Tah lamun ayeuna paseukna aya 5; Cialing, Cijati, Cisurat, Cikareo (?), Cibodas. Janten istilahna saurna paseuk atuh geura eling urang teh geura teang jatina diri saur Cialing ka Cijati. Lamun urang geus eling kapanggih jatina diri pek geura raksa diri urang saur Cikurang. Engke pasti ngagorehel saur Cikurang bobodasna. Sihoreng jalmi mah –istilahna mah- naon nu rek dipake adigung adiguna nu dipake sombong. Da ieu mah Pa sipatna kaagamaan rupina. Dina urang penyebaran aama dina abad sabaraha dina taun 542 ieu teh.

Jelas ari Pawenang mah urang anu ka sohor saur pun bap amgeah –istilahna- urang tempatna para jago .saur kapungkur istilahna mah da dugikeun uyut oge kasebatna Uyut Kiti dugikeun ka

kiwari ge teu aya –istilahna – kuburanana. Teu aya ruatanana da eta mah secara tilem tea saur urang Sunda mah. Jadi, istilahna mah dina waktos harita ngadu elmu saeng Eyang Kuwu Ageung, anjeunna lari kana pucuk cau dugikeun ka tiasa nyisiran dina pucuk cau iwaktos harita dugikeun ka ayeuna teu urang muncul deui di alam dunya kieu. Kasebatna teh Uyut Kiti bubuhan uyut teh teu gaduh putra nya ngukut aki – nini na urang tuang rama , pun bapa. Jadi, berarti pribados mah langsung pisan eta teh.

Janten istilahna dina waktos harita ayeuna oge upami urang dipasihan eling –istilahna- sadar mah dina tiap-tiap waktos tertentu muncul anjeunna ge dina kaping 14 sasih Mulud, naming henteu mangrupikeunana –istilahna- urang sapertos hoyong ngiring-ngiring -istilahna- ku barudak disangki urang jalmi anu – naon kitu – anu kirang waras. Tapi harita pun bapa ngaamanatkeun ka pribados lamun urang aya jalma anu aneh-aneh ulah kapalingan. Uyut teh aya tandana. Jadi, urang tampak talapok kuda dina dampal sampeana. Tapi da dugikeun ka danget ayeuna Pa dina nalika Kuwu Jamian taun 1965 kantos anjeunna kasumpingan. Tapi da tetep dipasihanana teh hilap bae. Henteu dipasihan sadar. Margina kieu. Tiasa anjeunna teh "Assalamu'alaikum" tapi mangrupikeun jalmi –istilahna- anu kasebatna "orang gila" naroskeun. "Ari Pa Kuwu aya ?" Ari saur ibuna teh "Nu mawi teu aya". "Nya wios ari teu aya mah". Teras mampir ka Kuwu urang Japar Cikareo, "Bieu mah Kuwu Jamian" cenah "Nanyakeun ka pamajikanana majarkeun Kuwu keur teu aya. Padahal keur ngagoler sare".

Tah dugikeun ka terangeun kitu Uyut mah.

Teras sumping ka Kebon Tiwu da kapungkur mah di daerah Kebon Tiwu hususna pameuleuman kenteng, tempat lio. Sumping ka Aki Enceng nya kitu we sabondoroyot nyumpingan eh. Nya cenah ari beuleum kenteng ku naon ku seuneu mani kaciri marakbak. Ieu seuneu. Ari seuneu panas? "Ih panas" diragap ku anjeunna, Pa,

majar cenah panas pan ieu teu nanaon. Dilebetkeun pananganana teh kana (pameuleuman).

Nya kitu cara garis besarna. Janten urang di Pawenangan leres-leres tilas jalmi-jalmi anu istilahna urang nu jarago. Cenah jujutanana margi da carios mah pribados ge kirang. Rada eta (terang).

Terjemahan: Permunggu (Leluhur) Pawenang

Ada sebuah cerita khususnya untuk orang Pawenang apabila bepergian ke wilayah Jawa; biasanya suka ditanya seperti berikut: "Bapak dari mana asalnya?" (dijawab) "dari Sumedang" (ditanya lagi) "di desa mana Sumedangnya" "dari Pawenang". Nah bila Bapak dari Pawenang berapa buah tali bedug Pawenang dan berapa buah pasak bedug Pawenang?"

Menurut cerita, Pak, apabila benar asli orang Sumedang dan berasal dari Pawenang akan bisa menerangkan jumlah tali dan pasak bedug Pawenang. Menurut orang tua, bila kalian ke depan ada yang bertanya demikian atau ditakdirkan bepergian ke Jawa inilah jawabannya.

Yang disebut tali orang Pawenang itu ada 9 (Sembilan) dan pasaknya ada 5 (lima). Yang Sembilan adalah 1) Paneguh, 2) Mogana, 3) Cengkok, 4) Putrapadra, 5) Ciarog (?), 6) Cigangsa, 7) Gagaksangkur, 8) Urang Gintung, 9) Mbah Puguh dari Pawenang. Nah yang disebut pasak 5 (lima) adalah Cianting, Cijati, Cisurat, Cikareo, Cibodas.

Hanya kata salah seorang yang sembilan yaitu Paneguh kepada Mogana "Katakan siapa yang memiliki diri kita?" Mogana berkata kepada Cengkok "Jangan berkata lain dimulut lain dihati. Harus teguh apabila punya tujuan. Jangan mundur setapak pun" Kata Cengkok "Harus jelas keturunannya". "Harus waspada" kata Putrapadra sebab manusia masih panjang jalan hidupnya. Sebab itu

kita jangan bertindak lain dimulut lain dihati. Waspadalah kelak kita akan jelas keturunannya, jelas tempat kembalinya.

Kata Ciarog kepada Cigangsa. Arti "gang" adalah jalan; sedang arti "sa" adalah sareat. "Apabila ingin menemukan jalan sareat kita harus mau banting tulang" kata Tulanggintung "pada tempat *singkur* (sepi dari pandangan orang lain)". Kata Gagaksangkur "Kelak akan bertemu dengan kekuasaannya. Kasih sayangnya. Ternya manusia berada di alam dunia ini tidak mempunyai apa-apa. "Apa yang mau disombongkan. Sebab segala rupa yang ada milik Yang Maha Kuasa. Demikian uraian simpayna, tali bedug itu.

Nah sekarang pasak yang lima: Cialing, Cijati, Cisurat, Cikareo (?), Cibodas. Jadi, menurut pasak "Kita segera sadar (Sunda: eling) mencari jati diri" kata Cialing kepada Cijati. "Apabila kita eling dan menemukan jati diri, maka jaga diri kita" kata Cikurang. "Nanti tentu akan terkuak inti kehidupannya". Jadi, manusia itu –istilahnya- apa yang akan dijadikan keangkuhan, kesombongan. Ini, Pak, barangkali sifatnya keagamaan. Saat penyebaran agama abad berapa ya. Pada tahun 542.

Pawenang dulu terkenal, menurut bapakku, tempatnya para jago. Sampai-sampai buyutku yang bernama Uyut Kiti hingga sekarang tidak diketahui kuburannya. Tak ada beritanya. Kalau menurut orang Sunda matinya secara *tilem* (lenyap tanpa bekas).

Saat beradu ilmu dengan Eyang Kuwu Ageung, beliau lari ke atas pucuk pohon pisang sampai sempat menyisir rambut. Yang demikian tidak muncul lagi sekarang ini. Namanya Uyut Kiti; ia tidak punya anak, tetapi mengangkat anak yaitu kakek dari bapakku. Artinya saya (red: informan) ini merupakan keturunan langsung.

Sekarang ini apabila kita diberi *eling*, kesadaran, setiap waktu tertentu beliau (Uyut Kiti) muncul pada tanggal 14 bulan Maulud. Namun tidak berupa seseorang yang diiring-iring anak-anak sebagai orang kurang waras. Saat itu, bapakku mengamanatkan kepada saya

apabila ada orang yang berlaku aneh waspadailah. Uyut itu ada tandanya yaitu telapak kuda pada telapak kakinya.

Pada masa Kuwu Jamian tahun 1965 beliau pernah datang, tapi tetap saja (kita) ditakdirkan lupa saja. Tidak sadar. Beliau (Uyut Kiti) bisa saja berucap "Assalamu'alaikum" yang menjelma seperti manusia biasa atau "orang gila" yang bertanya. "Apa Pak Kuwu ada?" Kata isterinya, "Tidak ada". "Biarlah kalau tidak ada". Kemudian mampir kepada Kuwu Japar dari Cikareo, katanya" barusan ke Kuwu Jamian. Menanyakan keberadaannya. Isterinya mengatakan tidak ada. Padahal (Kuwu Jamian) sedang tidur". Nah sampai tahu demikian Uyut itu.

Terus datang ke Kebon Tiwu –dulu di daerah ini – merupakan pembakaran genting atau Lio. Datang ke Aki Enceng. Katanya "Membakar genting dengan api yang menyala. Api ini panas?" "Ya Panas" . Api itu kemudian diraba katanya "Kata siap panas kan ini tidak apa-apa" sambil kedua tangannya dimasukkan ke dalam pembakaran genting

Demikian garis besarnya orang Pawenang yang dulunya tempat orang-orang jago. Mengenai latar belakangnya, saya kurang tahu.

BAB IV
STRUKTUR DAN NILAI BUDAYA PADA SEJARAH LOKAL, MITOS DAN CERITA RAKYAT WILAYAH GENANGAN WADUK JATIGEDE

A. Hubungan antarteks dan sumber cerita

